ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№7 (23.415) ● 2017 гъэм щІышылэм (январым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Япэу зэфІэгъэкІыпхъэхэр яубзыху

● ЗэІущІэхэр

**Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм зэІущІэ зыубгъуэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ Къэрал Думэм аграрнэ Іуэхухэмкіэ и комитетри.**

КЪЭРАЛ Думэм аграрнэ Іуэхухэмкіэ и комитетым щыщ Быф Анатолий зыхэта зэІущІэм щытепсэльыхьащ мэкъумэш хозяйствэм и отраслхэр зэрылажьэмрэ агропромышленнэ комплексым зиужьынымкІэ псом япэу зэфІэгъэкІыпхъэхэмрэ. Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачёв Александр зыубгъуауэ къытеувыІащ зи унафэщІ Іэнатіэм мы гъэм щалэжьэну я мурадхэм икІи гу лъаригъэтащ ахэр тэмэму зэфІэха хъун папщІэ къыхалъхьэ законопроектхэм.

Быф Анатолий зэрыжиІамкІэ, Къэрал Думэм аграрнэ Іуэхухэмкіэ и комитетым хэтхэм утыку кърахьащ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымрэ къэрал дэІэпыкъуэныгъэм къыпэкІуэм хагъэхъуэныкъэ ехьэлІа жэрдэмхэр. КъицынэмыщІауэ, депутатхэм къыхагъэщащ законопроект зыбжанэ зэрыщыІэр, гъавэ щапІэ щыхэр нэсу къэгъэсэбэпынымрэ Іэщ лъэпкъыкІэфІхэм зегъэужьынымрэ ятеухуауэ.

ЗэІущІэм и кІэухым Ткачёв Александр кърихьэлІахэм ФІыщІэ яхуищІащ икІи шэч къызэрытримыхьэр жиІащ мыпхуэдэ зэхуэсхэм гъэзэщІакІуэ властымрэ хабзэубзыхухэмрэ я зэпыщІэныгъэмрэ зэдэлэжьныгъэмрэ зэригъэбыдэр.

**НЫР Іэуес.**

● Политикэ партхэм

## «Урысей зэкъуэтым» зи ныбжь хэкІуэтакэр сакъыну къыхуреджэ

**Урысейм и Пенсэ фондым щІышылэм щІидзащ пенсионерхэм зэуэ сом мин тхурытху иратыным и Іуэхум.**

МАЗЭМ кърирубыдэу апхуэдиз ахъшэ яІэрыхьэн хуейщ цІыху мелуани 43-м. Арщхьакіэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, кІыкІуэзкІащ зи ныбжь хэкІуэтакэр къэзыгъэпщІэну хущІэкъуэ хьэжьвакъэжьышхэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, Урысейм и къалэ зыбжанэм зыгуэрхэм къыщакІуэ Пенсэ фондым и лэжьакІуэ хуэдэу загъэІуурэ пенсионерхэм ятеуху хъыбархэр зэзыгъащІэхэм. ИужькІэ, хьэгъэщагъэ Іэмалхэмкіэ банк тхылъ нэпцІэр къагъэсэбэпурэ, абыхэм йодыгъуэ.

«Гуауэщ нэхъ лъэрымыхьэхэм, нэхъ хуэмышІэхэм едыгъуну хущІэкъуэгъ къызэрыкъуэкІыр. Ар хьэкІэжъуэкІагъэщ. Пщіэ зыхуэтщІ пенсионерхэ, къыІэ, фысакъ! Апхуэдэу сом минитку къыІахыну хуитныкІъ зиІэ цІыхухэм я Іыхьлыхэм захуэдгъэзэну дыхуейт я адэ-анэхэм нэхъ гулъытэ хуащІыну, абыхэм я деж нэхъыбэрэ кІуэну къыхуедджэу. Зыщымыгъэгъупщэ фи адэ-анэхэр, ахэр фэ хуабжэу къыфхуэныкъуэщІ», - жиІащ зэфІэува щытыкІэм и гугъу щищІым Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ Толстой Пётр («Урысей зэкъуэт» фракцэ).

Абы апхуэдэу ягу къиГэкІыжьащ зэуэ ят хъыбэр къыІахын папщІэ лъэІу тхылъ ятхын зэрыхуэмейр, Пенсэ фондым и лэжьакІуэхэм фэтэрхэр къыхэзгъэзэхамыкІухьыр, банк хьыбархэри зэрызэхуамыхьэсыр. «Псори къызэрыгуэкІщ-пенсионерхэм зыгуэрхэр якІэщІэупщІыхьмэ, ахэр гъэпщІакІуэхэщ», - къыхигъэщхьэхуакІащ Толстой Пётр.

«Мыпхуэдэ щыкІэкІэ мылъку зэзыгъэпэщыну хущІэкъуэхэм ягу къэзгъэкІыжыну сыхуейт Уголовнэ кодекс зэрыщыІэр! Фэ фыкъагъэтынущ икІи фхуэфащэ жэуап фагъэхьынущ! Зыщымыгъэгъупщэ фэри адэ-анэхэр зэрывІэр икІи фэ фхуэдэ гъэпщІакІуэхэр гува-щІохами абыхэм я деж кІуэнкІэ зэрыхъунур», - щІигъужащ парламентарым.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, пенсионерхэм зэуэ сом мин тхурытху иратыным теухуа жэрдэмыр щыщхьэуІум къыхэзыІэхьар «Урысей зэкъуэтым» и Унафэщ І, УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрийщ. Правительствэм а и лъэбакъуэр Президентми «Урысей зэкъуэтым» Къэрал Думэм щиІэ фракцэми даІыгъащ. Мы Іуэхум тригъэкІуэдзэн папщІэ Пенсэ фондым и бюджетым сом мелард 221,7-рэ халъхьащ.

● Ди къуэш республикахэм

### Мелуаным щІигъум поплъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС.

***Республикэм и зыгъэлсэхуІэхэр 2017 гъэм поплъэ щІыху мелуан 1,2-м нэблагъэм.***

РЕСПУБЛИКЭМ туризмэмрэ курортхэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министр Эркенов Анзор зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ республикэм зыщагъэпсэхуащ щІыху мелуаным нэблагъэм. Мы гъэм ар процент 20-кІэ нэхъыбэ хъуну щогугъ. Зыплъыхьакіуэхэм ягу ирохь щІынальэм и турист Іуэхущ щІапІэхэр зэрефІакІуэр, Домбей къызэрымыкІуэу зэрызиужьар.

### Махуэ пщыкІутхущ хуейр

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и пенсэ фондым зэ тыгъуэу сом мини 5-р яІэригъэхьэн щІидзащ. Пенсионер мини 126-м псори зэхэту иратынущ сом мелуан 639-рэ.***

АБы теухуа законым къэралым и Іэтащхьэм Іэ щІидзащ нэгъабэ щэкІуэгъуэм и кІэм. А лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІынущ 2017 гъэм щыщыплэм и 13-28-хэм къриубыдэу.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**



♦**1921 гъэм** РСФСР-м и Цыхубэ комиссархэм я советым унафэ къищтащ «Уэгукіэ гъэгуанэ зэпычыным теухуауэ». МафІэгухэм, автомобилхэм, нэгъуэщІ транспорт лІэужьыгъуэхэми къахэхъуауэ щытащ кхъухьлъатэхэр.

♦**1934 гъэм** Свердловскэ, Челябинскэ областхэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1994 гъэм** НТВ телекомпаниеим и нэтынхэр къагъэлъагъуэу щІадзащ.

♦Америкэм щыщ къэрал лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ, тхакІуэ, США-м и къызэгъэпэщакІуэхэм хабжэ **Франклин Бенджамин** къызэралъхурэ илъэс 311-рэ ирокъу.

♦Урысей щІэныгъэлІ, дизайнер **Жуковский Николай** къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, егъэджакІуэ, театр гъуэзджэм зэхъуэкІыныгъэшхуэ хэзылъхьа, СССР-м и цІыхубэ артист **Станиславский Константин** къызэралъхурэ илъэси 154-рэ ирокъу.

♦Физик цІэрыІуэ, академик, Социалист Лэжьыгъэм щэнейрэ и ЛІыхъужь **Курчатов Игорь** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Щомахуэ Лев** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Темрокъуэ Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Къыщалъхуа США-м и мызакъуэу, дуней псом цІэрыІуэ щыхьэ боксёр, олимп чемпион **Мохаммед Али** (и цІэ-унэцІэ дыдэр Кассиус Марселлус Клейщ) къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкіэ цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **ПащІэ Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, химие щІэныгъэхэм я доктор **Темырдащ Зэуал** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **Николаев Игорь** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Совет шахматисткэ цІэрыІуэ, дунейпсо чемпионкэ, СССР-м спортымкІэ щыхьэ зиІэ и мастер **Чибурданидзе Майе** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щыхьэ зиІэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр, культурологие щІэныгъэхэм я кандидат **Къумахуэ Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 3 - 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Уи щхьэ темылъ тумылъхьэ.**

# ДэІэпыкъуэгъу ныбжьыщІэхэр

● Псапэ

**Аруан районым и полицэм и лэжьакІуэхэр я дэІэпыкъуэгъу ныбжьыщІэхэм я гъусэу щыІащ Прохладнэ щІынальэм и Приближнэ станицэм зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм папщІэ дэт школ-интернатым и гъэсэнхэм я деж.**

ПОЛИЦЭМ и лэжьакІуэхэм сабийхэм къыхуэзрагъэпэщащ таурыхъым и лІыхъужьхэр зыхэт театр теплъэгъуэхэр икІи ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ гъуэгум шынагъэншэу щызекІуэным теухуауэ ирагъэкІуэкІхэм. Сабийхэм а Іуэхур даІыгъащ икІи рулым дэсхэр къыхураджащ зи узыншагъэм къимыхьхэм гъуэгум щыхуэсакъыну. Езыхэми къагъэгугъащ лъэсырызекІуэм щхьэкІэ щыІэ хабзэхэр къызэпамыдыну, пщыхьэщхьэкІэрэ Іэмэпсымэ щІыугъэнэхэр къагъэсэбэпыну.

ЗэІущІэм и кІэухым сабийхэм хьэщІэхэм я гъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ икІи гъуэгум тет псоми ехьэухьащ шынагъуэншэу къакІухьыну, зым адрейм пщІэ хуащІыну.

**БЖЬЫХЪЭЛІ Розэ.**

● Хъыбар гуапэ

# 2016 гъэм и цІыху цІэрыІуэхэм халъытэ

**«Вестник Карачаево-Черкесии» газетыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм къыщыдэкІын зэрыщІидзэрэ илъэс 10-м щІигъуащ. Абы къытехуэ тхыгъэхэр яфІэхьэлэмэтщ щІынальэм и щІэджыкІакІуэхэм. Газетым и ужьрей номерыр абы и редактор нэхъыщхьэ Нартокъуэ Сультан триухуащ зи лэжьыгъэ инхэмкІэ, Іуэхущіафэ купщІафэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэмрэ Ипщэ федеральнэ щІынальэмрэ 2016 гъэм цІэрыІуэ щыхъуа къэгъэлъэгъуэным.**

«КИФЩІ-мра ИФЩІ-мра я цІыху цІэрыІуэхэр-2016» рубрикэм щІэту «Вестник»-м и япэ напэкІуэцІым итщ Адыгэ Республикэм илъэси 10-м щІигъуакІэ и Іэтащхьэ щыта, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм хэт, Мейкъуапэ дэт къэрал технологие институтым и ректору илъэс куэдкІэ лэжьа, политик цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэ, социологие щІэныгъэхэм я доктор Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий.

Ди гуапэ зэрыхъущи, Тхьэкіушынэм къыкІэлъыкІуэу «Вестник»-м итщ ди лъахэгъу цІэрыІуэ Хьэфыщіэ Мухьэмэд теуха тхыгъэ. Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыхьэ зиІэ я журналист, ЩІДАА-м и вице-президент, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, жылагъуэ лэжьакІуэхуэ Хьэфыщіэ Мухьэмэд зэхэфащэ дыдэу хабжащ КИФЩІ-мрэ ИФЩІ-мра я цІыхухэу 2016 гъэм къриубыдэу Іуэхугъуэ купщІафІэ зэфІэзыхауэ къалъытэхэм. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ятеухуауэ Хьэфыщіэм и къалэмыпэм къыпыкІа тхыгъэхэм, тхылъхэм, къэхутэныгъэхэм я бжыгъэр куэд мэхъу. Филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и вице-президент Бэчыжь Лейлэ зэрыжиІамкІэ, Мухьэмэд зэфІиха лэжьыгъэхэм япкъ иткІэ, абы хуэфащэ дыдэу щІэныгъэхэм я доктор, профессор цІэ лъагэхэр. «Вестник»-м къилъытащ ХьэфІыщіэр 2016 гъэм и редактор нэхъыщхьэ нэхъыфІ дыдэу.

Апхуэдэу щэнхабзэм и лэжьакІуэ нэхъыфІ хуащ Шэшэн Республикэм щыщ, Шэшэн-Ингуш АССР-м и цІыхубэ артист, Осетие Ищхъэрэ АССР-м гъуэзджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ Джамаев Амран. Илъэсым и ужьакІуэ нэхъыфІу къалъытащ Дагъыстэн Республикэм щыщ Камалудинов Камил, илъэсым и министр нэхъыфІщ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Чэм Мурадин. Ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу «Вестник»-м зи цІэ кърИуахэм ящыщщ егъэджакІуэ Дыгъужь Хьэжы-Мурат, усакІуэ Бемырзэ Зураб, журналист Хьэкіуэн Иннэ, дохутыр Беслъэней Хьэлимэт, статистик Бежан Хьэішэт сымэ.

Ди щІынальэм, ди лъэпкъым я цІэхэр фІыкІэ зыгъэІу цІыху щэджащэхэм дохъуэхъу ехьэлІэныгъэ лъагэхэр дяпэкІи зыІэрагъэхьэну, Хэкум, цІыхубэм яфІ къызэрыкІ Іуэхугъэфіхэм я жэрдэмщІакІуэ хъуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Бахъсэн щІынальэ

# Къалъхур нэхъыбэщ

**ЗАГС-м Бахъсэн щІынальэм щиІэ къудамэм щыгъуазэ дыдэрищІамкІэ, 2015 гъэм ельытауэ гъэ кІуам сабий 35-кІэ нэхъыбэ къалъхуащ. Нэгъабэ щІалэу 660-рэ, хъыджэбзу 610-рэ къалхэхъуащ.**

УНАГЪУЭ 404-м - япэ, 473-м етІуанэ бын ягъуэтащ, 238-м бын ещанэ яІэщ, 85-м - епІанэ. Етхуанэ, еханэ сабийм тегушхуар унагъуэ 24-рэщ. Зы унагъуэм бын еянэ къыхэхъуащ. ЗэтІолъхуэныкъуэ цІыкІуитІ унагъуэ 13-м ягъуэтащ.

ЩІалэ цІыкІухэм цІэ щыфІащым, адэ-анэхэм нобэрейхэри пасэрейхэри зэхуэдэу къыхахащ. Абыхэм ящыщщ Ибрэхьим, Къантемыр, Дамир, Алан, Идар, Сэлим цІэхэр. Елъхъуэт, Яшир, Ридадэ, Саир зыфІащаи щыІэщ. Хъыджэбз цІыкІухэм нэхъыбэу фІащащ Аишэ, Аделинэ, Элинэ, Іэминэ. Франческэ, Хъэятхъан, Тасним фІэзыщаи къыхэкІащ.

ЦІыху 569-рэ унагъуэу тІысыжащ гъэ кІуам. Ар 2015 гъэм ельытауэ 46-кІэ нэхъ мащІэщ. Унагъуэ зыухуахэм я ныбжьыр къапщтэмэ, хъыджэбзхэр илъэс 18 - 24-м (цІыху 338-рэ), щІалэхэр илъэс 25 - 34-м (цІыху 309) итщ.

Хамэ къэралхэм щыщ къэзышаи, дэкІуаи щІынальэм щыІэщ. Ахэр цІыху 16 мэхъу.

Нэгъабэ унагъуэ 212-рэ къутэжащ, ар 2015 гъэм ельытауэ унагъуи 8-кІэ нэхъ мащІэщ.

БлэкІа илъэсым цІыху 571-рэ дунейм ехьжащ, ар 2015 гъэм нэхърэ цІыху 31-кІэ нэхъыбэщ.

**ЧЫЛАР Аринэ,**
*Бахъсэн район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм.*

# «Ридадэ» ансамблым зыкъегъэлъагъуэ

**КъБКъУ-м Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэ и Щэнхабзэ центрым зыкъыщигъэлъэгъуащ эстрадэмкІэ театрым и «Ридадэ» уэрэджы-Іакіуэ ансамблым.**

ПШЫХЬЫМ зыкъорагъэхьэлІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ социальнэ Іуэхухэмкіэ и проректор **Къумыкъу Іэуес**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэмрэ, университетым и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ.

Къыдэхуэсахэр ирагъэдэІуащ адыгэ цІыхубэ, эстрадэ уэрэд цІэрыІуэхэм. Апхуэдэу ахэр хагъэгъуэзащ лъэпкъ Іуэрыіуатэм и щІэинхэм. КърихьэлІахэм пшыхьыр гунэс ящыхъуащ.

Театрым и унафэщІ, КъБР-м и цІыхубэ артист, музыкант, уэрэдус **Думэн Мурадин** КъБКъУ-м и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэ щэнхабзэ центрым пшыхь гуапэр зэрыщрагъэкІуэкІам папщІэ.

Думэн Мурадин и театрыр къызэрызэрагъэпэщрэ куэд мыщІами, ар цІыху кІуаІпІэ хъуащ, спектаклхэр щагъэльагъуэ, адыгэ уэрэдыжьхэм я пшыхь гъэщІэгъуэнхэр къыщыдэрагъэпэщ.

**ДОЛ Иннэ.**
*КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.*

● Гу зылъытапхъэ

## «Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

***«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!***

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжыну.

ЩІышылэм и 28 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ мазаем и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Мазитхум ди газетым и уасэр сом 554-рэ кІэпІейкІэ 98-рэщ.

**Ди индексыр 51531**

# Хамэщ1ым гур щ1ыхуабэркъым

**Хадэ пщ1эгъуэ зэманым ди адэм пщ1энт1эпсыр къежэхыу хьэсэм хэтт. Махуэ псом ар сымаджэщым щ1ылэжьа ноужь, Іэмал имы1эу а и щы Іыхьэм к1ыэрт. Пщэдджыжь нэмэзмк, т1эк1у едзакъэрти, сыхьэти 8-м и ныкъуэ хъуху, хъэуан хьэсэр ип щ1эрт. Хъэуан гъэгъуахэр зыхуэбгъадэ хъун щ1ымы1э шхыныгъуэ хьэлэмэтт. Къззахъ хъэуанхэм я мэ гуак1уэр ноби си Іум щ1итыр арагъэнщ. Нэгъуэщ1 щ1ып1э апхуэдэ щ1ысшхауэ къыс хуэщ1эжьыркъым.**

ХЬЭМФІАНЭР жану илъщ, т1эк1уи едзакъэри, ди адэм зигъэпсэкуну хьэсэм зыщигъэук1уриящ. Ауэ жащыкум ар гузэвгъуэ гуэрым къызэщигъэуащ. И нат1эм пщ1энт1эпс щ1ы1эр къытрик1уат. Шынагъуэ гуэр къызэрыхуэкъ1ыр ди адэм и гур къеныкъэкъэрт: «Унэм к1уэж, Хьалид. Псынщ1эу нэсыж». - Арати, гуахъуэр щ1ыкъэри ди адэр унэм къэк1уэжыну гъэзгу кы1теуващ. «Сыту п1эрэ къэхъуар? Пщ1ыхьэп1э Іей сльэгъуауэ арагъэнщ», - егупсысырт адр.

Ди анэмрэ си шыпхъу нэхъыщ1эмрэ щ1ыжей пэш щ1ык1ым и бжэр дамэдзэу Іухат. «Джэдур щ1ыбым къыщ1эк1ауэ арагъэнщ», - жи1эри унэм щ1ыхьащ ди адэр. И гур т1эк1у къыззыгъэтхьажауэ щ1ык1уатэм, ди адэр къащтэри къик1уэтыжащ: гъэлъэлыпл1э нат1эм к1э дэпщеяуэ Люсенэ щ1ык1у и щхьэм щхьэщ1ытт зи шэрэзыр къидза гюрзар. Ди адэм гуахъуэм к1э блэ яб гар гъуэлъып1эм къриудыхащ. Иджы абы ди адэм дежк1э зыкъ1ыдзырт. Гъуэлъып1э нат1эм жьхэуэуа гуахъуэм ищ1а макъым игъэщта ди анэмрэ си шыпхъмрэ щэхум хуэдэу я фэр пык1ат, гужьеяуэ, зыри яхужьмы1эу къэхъуам епльырт. Ди адэм блэр иук1ыну хуейтэкъым, унэм къыщ1идзыну иужь итт, ауэ ар гуахъуэдзэм епщыхьжырт, гъуэлъып1э щ1агъэм ш1ып1щхьэну хущ1экъурт. Гужьеяуэ гъы Люсенэ щ1ымыувы1эжьыхэм, ди адэм нэгъуэщ1 зыри къыхэхъуэжакъым блэр иук1ын фІэк1а. Абы иужь1э ахэр нэхъ сабыирыжри, Алыхьым фІыщ1э хуащ1у нэху щ1ыку щ1ысахэщ...

Ди унагъуэм хэкум къигъэзэжьыну хуит зэращ1ам ди адэ-анэр хуабжьу щ1ыгуфІык1ащ. Дз, сабийхэм, фІы дыдэу къыдгурыІуэрэкъым «хэку» псалъэм къик1ыр - псори Къззахъстаным дык1ыщ1ал1ъхуат, арат ди л1ъахэу къыщ1ыхъ1ри. Ауэ, ди адэ-анэм къызэрыджал1эмк1э, Кавказым хуэдэ жэнэт щ1ынал1ъ дуней псом теттэкъым.

Сощ1эж, мафІ1эгум дык1ытыс-хьэжьын и пэ х1ихуэу, пкъом фІэлъ радиомк1э адыгэ къафэ къызэрыІуар. Залымыгъэк1э мыбы къагъэІэпхъуауэ щ1ыта псори зэуэ къызэхуэсащ, си анэ шыпхъу Марие ди гъунэгъу адыгэ щ1ал1эм къыдишауэ к1оофэ. А къафэр игъащ1эк1э си гум к1ынащ. Мис абы щ1ыгъуэ зыхэсщ1ащ «хэку» псалъэм къик1ыр. Къафэр нэужьым уэрэд къэІуащ. Абы и макъамэр сигу изубыдэну иужь ситщ, ауэ псалъэхэр къызГурыІуэрк1ым, адыгэбзэр зыхэсщ1ык1 щ1эздза къудейщи. Щ1ыхубзым и п1эк1э уэрэдыр жызыІэр щ1ыхухъуц, ар теухуащ хъыджэбзым Рэмэзан хуищ1а л1ъагъуньгъэм, ауэ абы и п1эк1э Хьэсанэ зэрыратым.

Арауэ къыщ1эк1ынщ, илъэс кэдэк1а нэужь, яп1э дыдэу згъэззащ1а уэрэдхэм «Рэмэзан» къыщ1ыхъухуар. Сэ абы куэдрэ седэІуащ зытхауэ щ1ата Къэжэр Индрис игъэзащ1ауэ, ик1и ар дунейм адыгэ тетыхухъ1э мык1уэдыжыну къыщ1охъу. «Рэмэзан» уэрэдыр Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгеймри, Иорданиеми, Сириеми, США-ми щ1ыжа1э.

Ди унагъуэм бынхэм сэ сранэхьыжьт. Арагъэнщ, ди анэм и нэгу щ1эк1а гугъуехьэхэр сэ нэхъ къыс-хуИуэтэжу щ1ыщ1ытар. Си анэм и Іыхьлыхэр сэ с1ыхурэтжым, ахэр пасэу дунейм ехьыжат...

«Си адэ-анэр «л1ъэпкъым и бий» - Іэр к1ыфІащ1ауэ, я къыджбз щ1ык1уиплІыр я гъусэу хамэщ1ым, щ1ыпл1э пхыдзам къыщ1ихутам щ1ыгъуэ, ящ1энур ящ1эртэкъым, - игу къигъэк1ыжырт ди анэм. - Насып ди1эти, ди адэм щ1эныгъэ и1эт, ар къал1ытэри пощтым и унафощ1у, иужьк1э бригадиру яг1эуат. Пщэдджыжь нэмэзым ар губгъуэм дэк1ырт, иужьк1э пощтым къигъэзэжырт. Щ1ыпл1эм и щ1ытык1э гугъэр, къупл1ейсызыгъэр, нэмыпл1э к1ыратыр хэмышэчу, ди анэр сымаджэ хъури п1эм къыхэнащ. Ди адэр гугъу зригъэхьу лажьэрт, абы и узынш1агъэри к1уэ пэтми нэхъыкл1э хъурт. Хэкужьым Нало Хьэк1ашэрэ Пагуэрэ псори щ1ат: жэми, мэли, джэдкъази, бжьэ матэхэри. Ахэр тахри мы щ1ып1э бдзаджэм къагъэІэпхъуат.

Махуэр егъэлеяуэ хуабащт. Дэ хъарбызыпхэр дыпщ1эу хьэсэм дыхэтт, выгук1э къыдбгъэдыхьэу ди гъунэгъу л1ым ди адэр жыг л1ьбжьэм щ1эльу илъэгъуауэ къыщ1ыджи1ам. Абы выгум дригъэт1ысхьэри а щ1ып1эм дишащ. Си шыпхъухэзу Марие Лулэрэ си гъусэу жыхуа1ам дынэсащ. Ди адэр зыхэфІиІуэнт1ауэ щ1ылт, фагъуэ дыдэт, зэрыбауэр зыхэпщ1э къудейт. Унэм тшэжу гъэзгу дыздытетым, ар Іуэщхъурт, псы щ1элъэІурт. Махуэ зыбжанэ хъуауэ унагъуэм ерыскъы гъэри щ1ал1ытэкъым. Къэзахъ хьэл1ам л1ащ1эрэ псыра дгъэзатмэ, ар ди гуфІэгъуэшхуэт. Ди адэр мэжэщ1ал1агъэм к1ыридуаэ арат. Унэм дынэсыжа нэужь, ди гъунэгъу къыдбгъэдэпык1ыурэ, ди адэр унэм щ1эт-хьэжри, ешыр разъездым дохутыр щхьэк1э к1ыащ: «Алтын-бей ма-хьшэ иук1ащи, лы т1эк1у къывитынк1э хъунщ, фелъэ1у», - жи1эри. Ук1ытэныр къэдгъанэри, Марие-рэ сэрэ Алтын-бей деж дык1уащ. Ди Іуэху зытетыр або къыщ1ищ1эм, фІэгуэныхь дых1ури, лы пщ1эншэу къыдитащ, ди адэр узынш1э хъужыну Алыхьым ел1эІури. Алтынбей фІыщ1э хуэтщ1ри, жэрыгъэк1э унэм дык1эк1уэжащ. Дохутыр иджыри къэсэтэкъым. Сымаджэу п1эм хэпЪ, дэІэпык1уэгъуншэ ди анэм и нэпсхэр къежэжьу ди адэм ел1ырт. Сэ абыхэм гъуэрыгъуэу сепл1ащ: «Папэ, ел1ырт, лы къыпхуэсхьащ, ик1ыпсту ар пхуэзгъэвэнщ». Абы и нэр зы т1элэйк1э к1ыызэтрихри, къызэлъэІуащ: «Жангуащэ, пым сегъэІуСэт», - жи1эри.

Ди адэ тхьэмыщк1эр дунейм ехьажащ, дохутыр къэмысу, хуэзгъэхьэзыра ерыскъыри Іумыхуэу. Сэ ар зэи сщыгъупщэнкъым. Ди адэр, и щ1ак1ъуэ Іыхьэр сабийхэм тхуихъумэурэ, езыр мэжэщ1ал1агъэм ихьат.

Ар л1а ноужь дэр-дэру дгъэпсык1ыжащ. Ди гъунэгъу къззахъхэм ягу к1ыятщ1агъэурт, ауэ къыддэІэпык1ыну щынэжэрт, зыгуэр к1ыятхуащ1эми, нэгъуэщ1хэм кърагъащ1эртэкъым. Сыт тщ1энт, «л1ъэпкъым и бий» псалъэр дэ быдэу къытк1эрыпщ1ат. Ди адэм, ди1эр арати, джэбыну щащ1ихур к1ьетшэк1ащ. Ет1уанэ махуэм фыз, сабий к1ъарунш1э зыбжанэм, Хьэжберд л1ыжьыр ди гъусэу, хьэдэгу щ1эт1ытхьащ. Мащэр куууэ къытхуэт1атэкъымк, юхъащ1хьэр хьэ жьэулей1эм къамыт1эщ1ым щхьэк1э, гъэрыгъуэурэ яп1э жэщхэм тхъумащ. Куэд дэмык1ыу ди анэри дунейм ехьыжащ.

Ди анэм и гукъэк1ыжхэр сыт щ1ыгъуи нэпск1э ихьырт. Сэ ар зэрытезгъэуным, и гуауэр зрызгъэгуэшыным иужь ситт, ауэ а уІэгъэхэр к1ыжьк1уеиІт. Гугъуехь мащ1э игъэвакъым абы и адэ-анэр дунейм ехьижа нэужьи. Ар хамэщ1ым къинащ и шыпхъуищ1ым я гъусэу. Ахэр щ1ипсэу щ1ып1эм зыгуэр щ1ык1уэдамэ, псори зытралъхьэр я Хэку ирагъэІэпэтхъук1ахэрт, комендатурэм яІэрти къеупщ1хэрт, лажьэ ямы1эу яг1эулъ1ийрт. Щ1ак1ъуэ Іыхьэ х1эблэжьыкъэк1э лэжьыгъэ хьэлъэм зупщ1ытм, уи щхьэр бгъэлъэхъ1эн хуей хъурт: нэхъ хуэхъуей к1ъэхъхэм я щыгъынхэр яжьыщ1ырт, хъарбыз, хъэуан хьэсэхэр хуапщ1ырт, псы хущ1агъэлъ1адэрт.

Зэманыр к1уэрт, ди анэр балигъыпл1э иуат. Абы и к1эн к1ыик1ат, сымаджэщым и шхапІэм лжьэк1уэу к1ыщ1ащтам щыгъуэ. Иджы и шыпхъухэр зыхуей нэхъ хуиГъэзэфырт. Ауэрэ Марии къыдек1уэтеящ, дэІэпык1ыугъуи хуэхъуу ирагъэжьащ. Ди анэм щ1ал1эхэр к1ыгъ-л1ьхьэуу щ1адзащ, ауэ и шыпхъухэр губгъуэм кьринэфынытэкъым, ахэр щ1ыгъуэу хэтыт и унагъуэ зэрыхьэнур?! Хуабжьу зэман гугъуу щытащ а л1ъэхъэнэр ди анэм дежк1э.

ДИ АДЭМ ТЕУХУАУЭ. Си анэзшхуэ Хьанрэ си адэшхуэ Жэмырзэрэ хуабжьу фІыуэ зэрыл1ъагъуу щ1ытат. Адда, 1901 гъэм, нанэ и унагъуэр, ар л1ъэпкък1э Къалмык1хъэ ящ1ыщт, Тыркум Іэпхъуэжыну загъэхьэзырырт. Иужь дыдэ жащым а т1ум я п1эщхьагъыр зы ящ1ащ. Хьэгъуэл1ыгъуэр дахри, Хьан яхэмыту, Къалмык1хъэ хэкум ик1ащ. Ауэ к1ыхьтэкъым а т1ум я насыпыр. Ашэбокъуэ Жэмырзэ ныбжьк1э щ1алэу дунейм ехьжащ. Абы щыгъуэ си адэ Хьалид илъэси 3 хъуэу арат. Тыншу щытакъым абы и гъащ1эри. Нанэ, иужьк1э т1эунейрэ л1ы дэк1уэжа щхьэк1э, и насып к1ыик1ак1ым. Блэк1а л1эщ1ыгъуэм и 30 гъэхэм коллективизацэр и гуащ1эгъуэгу щек1уэк1ым, ди адэр и фІэфІынэгъэк1э колхозым хыхьащ. Іэщу 35-рэ, шыгу зэщ1эщ1а, нартыху зэрагъэлъалъэ машинэ хилъхьэри. Ар МТС-м и трактор бригадэм и бригадиру щытащ, жэщ-махуэ имыщ1эу губгъуэм итащ.

Ди адэм и1эт фІыуэ ильэгъуа хъыджэбз, ауэ ар и анэм кърегъэшэн идак1ым. Ауэрэ Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Ильэс 40-м щ1игъуэ ди адэмрэ абы и к1уэш нэхъыщ1э Хьэтурэ фронтым Іухащ. Абыхэм зауэм щ1ызэпача гъуэгуанэм утепсэльыхьыжьну к1ыхьащи, а псом и гугъу тщ1ынк1ым. 1942 гъэм Елъхуэт деж щек1уэк1а зауэ гуащ1эм уІэгъэ щ1ыхьауэ щытащ ди адэр. Абы и Іэ л1ъэныкъуэр пахыну дохутырхэр хэтат, ауэ яхуимыдэу шэр къхырыгъэхьык1ыгъащ. Ильэс дэк1а нэужь, ди адэр зыхэта батальоныр Каменноподольскэ къалэм и дежи нэмыщ1эжм к1ыщ1ауэрейхьри, гъэр ящ1ащ. Батальоным и командирыр иужьк1э зыми ильагъужакъым. Гъэр ящ1ахэм щ1ыщ псэууэ къэнар щ1ыхуиплІщ. Ахэр концлагерым къраш1ри, нэмыщ1 генерал гуэрым и л1ыщ1эу яг1эуващ. Зауэр иухауэ гъэрхэр щ1ызэрахьуэж зэманым пл1ыми мурад быдэ ящ1ащ сыт къэмых1уами я хэку яг1ъэзэжьну. Ауэ псори Магадан къыщ1ыщ1ідзащ.

Лагерым к1ыхуэта нэужь ди адэм батальоным и къек1уэк1ык1а псори пэжу к1ы1уэтэжащ ик1и щ1эл1ъ1ауэ гугъу щытахэм я Іэхъум тэмэму хэпл1эну. Зэман дэк1ри, ахэр хуит къащ1ыжащ. Къыщ1ык1уэжьм, ди адэм и хьэпшыпхэ к1ыщ1эри, иг1уэа и л1ахэгъуэ щ1эпхъуэжащ. Ар къыщ1ыхъуар Къззахъстан Іпщэ областым щыщ Шаульдер станцыр, ди анэр щ1ылэжьа сымаджэщыр здэщ1Іэрт.

Абы щыгъуэ ди адэ-анэр зэрыщ1ыхуащ ик1и нэ лейк1э зэпл1ухуахэщ. Гухэлъ зэхуащ1а нэужь, ди адэм щхьэгъуэ хузэхъун щ1ыхьэ-шхьэ хуи1ащ и шыпхъуэр и быным хуэдэу зэрил1ъагъунумк1э. Ди анэри хэгупсысыхьащ, дауэ щытми, къыл1ыхъур илъэс 15 - 20-к1э нэхъыжьк, щ1ал1аФэ тетми. И шыпхъуэр интернатым е сабий ирагъэ ирагыну къыззэрыпимы1ыбдми, и гур фІы ищ1ырт. Апхуэдэу унагъуэщ1э щ1ып1э жьыжьэм къщ1агъэхъуащ. Ауэ ахэр Къзазахстаным къиІэпхъук1ыжьыну, адрей яг1эІэпхъуахэми хуэдэу, хуитт зкъым. Сыт ми, зэман хуит дык1эхъужащ, ди Хэкуи ди хьэдгъэзэжащ, ди адэ-анэм бынипл1 зэдагъуэтауэ; сэ, Людмилэ, зэпІолъхуэнык1уэу къалъхуа хъыджэбз щ1ыалъ1рэщ1ал1эщ1ык1ырэ (хъыджэбз щ1ык1ур пасэу л1эжащ, Руслан псэууэ къэнащ). Апхуэдэщ ди къек1уэк1ык1ар.

**ПАЩІЭ Ленэ.**

**Пащ1э Бэчмырзэ и музейм (Нартан къуажэ) елэгъащ адыгэ, балъкъэр тхак1уэхэр.** *2006 гъэ*

● Гукъэк1ыжхэр

**Пащ1э Ленэ.**

● ДифІ догъэлъапІэ

# Хьэмыку Жаннэ и вагъуэ

**Лъэпкъ гъуэзджэр фІыуэ зылъагъуэхм КъБР-м и щ1ыхубэ, щ1ыхь зи1э я артист Хьэмыку Жаннэ и творчествэм щ1ымыгъуаз, абы и зэфІэкІыр зымыщ1э къахэгъуэтэгъуейщ.**

ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Алий и цІэр зезыхьэ Къзбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэм театр утыкум куэдрэ дыщрохьэлІэри - дегъаГъ, дегъэгуфІэ, гурыщІэ дахэхэр ди гущІэм къыщегъэІуэн. Абы игъэзащІэ ролхэр гуимыхужщ, абыхэм уагъасэ, уапсыхь, пПэгъунэгъу мэхъу, зэми л1ьагъумыхъуныгъэ зыхъуагъэщ1. Жаннэ и лэжьыгъэм хуищ1 пщ1эмрэ и Іэщ1агъэр фІыуэ зэрильа-гъумрэ ар утыкум иту зыльэгъуахэм лейуэ и гугъу яхуумыщ1ми хъунущ.

Щукиным и цІэр зэрихьэу Москва дэт театр училищэм щеджа зэманым Лениным и цІэк1э яГъуэва стипендиер къихьу, фІык1э къахэщу ирихьэк1ащ, Яхонтовым и цІэк1э Санкт-Петербург щрагъэк1уэк1ауэ щыта къэралпсо (СССР) зэпеуэм актрисэ ныбжьыщ1эм бжьыпэр щ1ызэІэригъэхьат.

Драмэм, кином, эстрадэм я артист унэтІыныгъэмк1э 1975 гъэм диплом пльыжьк1э еджапІэр къиуха иужь, Щоджэнц1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къзбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щригъэжьауэ нобэр къыздэсым утыкур егъэбжьыфІэ, Іэгуауэ инхэр зэхуехьэс, аз зыхэт спектакл1эм фІэк1а мык1уэхэри щ1ы1эщ.

Актрисэм и зэфІэк1 л1ьагъэм къыпэк1уэ пщ1э игуэт зэпытщ, и роль гуимыхужкэм папщ1э абы диплом, грамотэ бжыгъэншэхэр къыхуагъэфэщащ, апхуэдэуи хамэ къэралхэм (Польшэ, Болгарие, Франджы) яг1эк1ащ, щэнхабзэ л1ьагъэм и къигъэхъуапІэу къалъытэ къэралхэм я театрхэм зыщрагъэпл1ыхьащ.

Роль нэхъыщхьэу 60-м щІигъу спектакл1эм щигъэзэщ1ащ, «Клад» (1975), «Песни над облаками» (1976), «Возвращение» (1975) фильмхэм щ1ыджэгуащ. ІХ союзэпсо кинофестивалым ирагъэблагъэри, «Клад» кинофильмым папщ1э саугъэт нэхъыщхьэр Хьэмыку Жаннэ къыхуагъэфэщуауэ щытащ.

Театральнэ лэжьак1уэхэм я зэгуфъэныгъэм и яп1э съездым и л1ык1уэу Москва щ1ыІащ.

2011 гъэм щегъэжьауэ Гъуэзджэхэмк1э Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым сценэм щ1ипсэльэнымк1э щрегъаджэ. Егъэджэныгъэ лэжьыгъэм къыщигъэльагъуэ зэфІэк1 л1ьагъэм папщ1э 2014 гъэм Макъымк1э урысейпсо жылагъуэ академием Хьэмыку Жаннэ Фіыщ1э тхьилък1э яг1эпэжащ. Кавказ Ищхъэрэм и л1эпк1э театрхэм я «Сцена без границ» (2002) ет1ыанэ фестивалым «Пианино на траве» спектакл1ым щ1ыгъэззащ1а ролым папщ1э щ1ыхь тхьилъм и яп1э нагъыщ1ар къыщ1ихьащ.

«Блэк1ам къзгъаэз и1экъым», «Гулъытэншэ хъуахэр», «Пианино на траве», «Уэлий и парашют» фІыуэ тлъэгъуа нэгъуэщ1 пьесэ зэмыл1эужьыгъуэхэмк1и Жаннэ и артист зэфІэк1ыр дгъэунэхуащ.

«Артистым сытым дежи упщ1итк1э зыхуагъаз: щ1ыщ1ал1эм - и хъуэпсап1эм, и ныбжьыр хэк1уэта иужь, насыпыфІэрэ и мурадхэр къэхъуна-къемыхъуп1ар». Мыращ а упщ1эхэм теухуауэ жыс1эфынур. Хуабжьу сыщынасыпыфІи щ1ыІащ, сынасыпынш1эу зыкъыщ1сльытэжи куэдрэ къэхъуащ, ауэ лэжьыгъэншэу сыкъыщ1ынэм и деж т1эунейуэ сынасыпынш1эщ. Творческэ щ1ыхуэхэр щ1ыщ1уэ куэдрэ кхъуэу, сэри абыхэм сащ1ыщ. Театрым зыри щ1ызэмыкъэхъуп1эфыну сыщигугъаи абы сыхъэмыфащ1эу к1ыщ1ысщ1ыхъуаи къэхъуащ. Нэхъ гъащ1э хуитк1э, нэжэгужэк1э сыпсэуну сыщ1ыхуежьаи щ1ыІащ, арщ1ыжк1э ар сэратэжьк. Аращи, нобэ зы щ1ыху нэхъ мыхъуми псэхугъуэ гуэр л1ъэзгъэІэсамэ, адэк1э сигурэ си щхьэрэ зэтелъу сылэжьэнущ», - щ1ыжи1ауэ щытащ Жаннэ и бенефисым.

Абы и псалъэхэм хуэдэу, и гущ1эгъэщ1э ролхэри фэрыщ1ыгъэншэщ, уи гум йохуэфыблІэ, зыкъыщ1ыбощ1ыхуэ.

Хьэмыку Жаннэ «КъБР-м и цІыхубэ артист» цІэ л1ьапІэр зэрыфІащам и хьыбар гуапэ 2016 гъэм къыт1эрыхьащи, ящ1ыри куэдрэ тетыр утыкум дыщы1ыщ1эну, ролыщ1эхэмк1э дигъэгуфІэну, и лэжьыгъэм къыпэк1уэ гухэхъуэгъуэмрэ щ1ыхьымрэ къару къратэ псэуну дохъуэхъу.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

● КъБР-м и прокуратурэм

## Щ1ыхуэхэр зэрыІахыжьым теухуауэ

**Щ1ыхуэхэм я хуитныгъэхэмрэ хабзэк1э я сэбэп зыхэлъхэмрэ яхьумэк1э Федеральнэ закон №230-ФЗ-уэ 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м къыдэк1ам игъэващ зи п1алъэр ик1а щ1ыхуэгъэ къыззэрыІахыжь щ1ык1эр. Ар зыхуэгъэзар ахьшэк1э къалэн зыщащ1ыжахэр яг1эззщ1эныщ.**

ЗАКОНЫМ еубзыху щ1ыхуэ зытелъым зэрадэлажьэ Іэмалхэр:

1) езым зыхуагъаззэ, телефонк1э Іопсалъэ;

2) телеграфк1э хъыбар ирагъащ1э, тхьгъэхэр хуагъэхъ, электросвязым и Іэмэпсымэхэмк1э зыпащ1э;

3) щ1ыхуэ зытелъыр щ1ипсэу щ1ып1эм е щ1ылажьэм поштым и Іэмалхэмк1э яльэ1эс.

Законым и 7-нэ статьям щІегъэбыдэ щ1ыхуэ зытелъым зэрадэлажьэ Іэмал щхьэхуэхэр: щ1ипсэу щ1ынал1ъэхэм, зэманым, бжьыгъэм ехьэлІауэ.

2017 гъэм щ1ышылэм и 1-м щегъэжьауэ 8-нэ статьям щ1ыхуэ зытелъым Іэмал ирет:

1) щ1ыхуэ зытелъым къигъэлъэгъуа л1ы-к1уэм фІэк1а ядэмылажьэныр къызэригъэпэщ1ыну;

2) къадэлажьэн имыдэну.

Абы теухуауэ кредитыр къезытам е абы и щ1эк1э лажьэм, и сэбэп зыхэлъхэр зезыхуэм я дежь нотариускІэ е хъыбарыр зэрал1эрыхьам щ1ыхьэт техъуэ тхьилъ зыщ1ыгъу письмор пощтк1э Іэрагъэхьэн хуэдэу л1ьэІу тхьилъ итын хуейщ.

Щ1ыхуэ зытелъым и л1ык1уэу щ1ыт хъунур зэчылым и закъуэщ.

Къадэлажьэн зэримыдэм теухуа хъыбарыр пощт І1эмалхэмк1э игъэхъ хъунукъым.

Кредиторым агент зэгурыІуэныгъэ зрищ1ыпл1а юридическэ лицом (апхуэдэм потребительскэ кредитымк1э, щ1ыхуэр итыжьынымк1э зэращ1ыпл1а зэгурыІуэныгъэр игъэзащ1эным хэзгъэзэ юридическэ е нэгъуэщ1 Іэхуэхэр), абы къыдэк1уэу потребительскэ кредитымк1э (щ1ыхуэмк1э) зэращ1ыпл1а зэгурыІуэныгъэмк1э къатехуэ щ1ыхуэхэр Урысей Федерацэм потребительскэ кредитымк1э (щ1ыхуэмк1э и законодательствэм къыщымыгъэлъэгъуахэм яхуэгъэзауэ УФ-м и КоАП-м и 14.57 статьям щ1ынубзыхуащ щ1ыпхуэдизэ къуэды тралъхьэу административнэ жэуап ирагъэхьынырт:

щ1ыхуэ къызэрыгуэк1эм сом минитхум къыщ1ыщ1эдзауэ сом минипщ1ым нэс;

юридическэ лицохэм - сом мин т1ощ1ым къыщ1ыщ1эдзауэ сом мин т1ощ1ым нэс;

Протокол ятхьин папщ1э хабзэр къыщ1ызэпауда щ1ыпл1эм полицэм л1ьэІу тхьилък1э зыщ1ыхуагъэзэн хуейщ.

## Мылъкур къэралым зэритх щ1ык1эр

**«Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкумк1э я1э хуитныгъэхэмрэ ахэр зэрызэрагъак1уэ щ1ык1эмрэ къэралым зэритхым и Іэхэук1э» 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №122-ФЗ-м 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м къыдэк1а Федеральнэ закон №360-ФЗ-мк1э зэхъуэк1ыныгъэхэр халъхьащ.**

ЯМЫГЪЭ1ЭПХЪУЭ мылъкумк1э и1э хуитныгъэхэм я щ1ыхьэт тхьилъ е хуитныгъэхэр зыгъэбделджылы Зыуэ щ1ыт къэрал реестрым и тхьигъэ зи1эр зэрызуейм тещ1ыхьауэ ямыгъэ1эпхъуэ мылъкумрэ абыкІэ и хуитныгъэхэмрэ яхэралым итхьу щытамэ, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м щегъэжьауэ къэралым щ1ытынур хуитныгъэхэмк1э Зыуэ щ1ыт къэрал реестрым и тхьилъ я1эмэщ.

ЗэгурыІуэныгъэхэр къэралым зэритхар, нэгъуэщ1 Іуэхугъуэхэр зыхуэдэр игъэнаІуэу, абыхэм я щ1ыхьэт тхьигъэ дамыгъэ хэха документым традзэ ЗэгурыІуэныгъэр зыхуэдэр къигъэльагъуэу электрон щ1ык1эм тету щагъэхьэзырым, зэратхамк1э документым щхьэхуэ тращ1э тхьигъэм Іуэхум сыткІи хуэщ1а электрон Іэмалк1э къэрал регистраторым Іэ щІедз.

Хуитныгъэхэмк1э Зыуэ щ1ыт къэрал реестрым щагъэхьэзыр тхьилъм ефІэк1ыныгъэ зыбжанэ и1эщ: щ1ыхьэт тхьилъм къыщ1ыгъэльэгъуахэм елъэітауэ, объект хэхахэм ятеухуа хъыбар нэхъыбэ къыщ1ыхьащ, апхуэдэ документым псынщ1эу зэІэпыхьпхъэ хъыбархэр щ1ызэхъэсащ. Псалъэм папщ1э, щ1ыхьэт тхьилъыр илъэсипщ1 бжьигъэ и п1эк1э ятауэ къыщ1ык1ынк1э мэхъу, мамгъэІэпхъуэ псэуалъэм игъэта зэхъуэк1ыныгъэхэр къыщыгъэльэгъуакъым. Зи гугъу тщ1ы тхьилъым хъыбарыщ1э фІэк1а зэкІэлъ1ихьыркъым.

Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкур зейхэм нэхъапэм хуятхауэ щ1ыта щ1ыхьэт тхьилъхэр ямыхъуэжу, Урысей Реестрым ирамытыжу езыхэм я1ыгъыж хъунущ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.***

● Іуащхьэмахуэ щ1ынатъэ

## Псэущхьэхэм яхуосакъ

**Іуащхьэмахуэ лъапэ и мэз гъэфІэнхэм (заповедникхэм) я псэущхьэхэм щ1ымахуэр тыншу ирахьэк1ыным теухуа лэжьыгъэр зы махуи зэпыурхьым.**

ІУЭХУЩ1АПІЭМ и Іэщ1агъэлІэхэр хуэбгэлэрыгъэкъым мэкъумыл1эмрэ Іусыпхъэмк1э, шыгук1э зыхуэсакъыпхъэ мэз бжэнхэм, кърш ажэхэм, тхьэк1ымэк1ых-хэм, бланэхэм. Зыльхьэ-техьа щ1ымахуэ шылэм Іэщ дохутырхэми, сыт щыгъуи хуэдэу, зыгъэпсэхуп1э я1энукъым. Псэущхьэхэм, сымаджэ къьхэк1мэ, е1эзэнущ, узыфэ зэрыщ1ал1эхэм щахъумэнущ. Дохутырхэр иджыре1 Іэмэпсымэхэмк1э къызэгъэпэщащ, езыхэм я техникэ я1эжщ.

**Ди щ1ыналъэр ягу ирохь**

**Іуащхьэмахуэ и бгы къежэхыпІэхэм заужь.**

ДЖЫЛЫ-Су, Азау джабэхэм щаубзыхуа ГъэІуэгухэм мы зэманым къымыхъуауэ уэсышхуэ телъщ. Бгы-лыжэ спортымк1э инструкторхэм, зэрыжа1эмк1э, зы сыхьэтым хуэзэу къежэхыпІэхэм щ1ыху мини 6-м нэс йок1уал1э.

Зыгъэпсэхуп1эхэмрэ хьэщ1эщхэмрэ дунейпсо мардэхэм тету гъэлэжьэным теухуа лэжьыгъэр зэпыурк1ым. Ди щ1ып1эм к1ьак1уэ туристхэм псом хуэмыдэу ягу ирохь шхапІэхэм я лэжьыгъэри къызэрызэгъэпэщащ щ1ык1эмрэ абыхэм щапщэфІ л1ьэпк1ъ шхыныгъэхэмрэ.

Щ1ышылэм ипэ махуэхэм Іуащхьэмахуэ л1ьапэ куэду щ1ыІащ Урысейм, европей къэралыгъуэхэм, Тайландым, Китайм щ1ыщ1эр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

**Адыгэ щ1ал1эгъуалэр я л1ъэпкъ фащэхэмк1э хуэпауэ.** *Сурэтыр* **Готфрид Гейслер Христиан** *ищ1ащ. 1818 гъэ*

● Дзэлыкъуэ щ1ыналъэ

# Къабзагъэм йогугъу

**Къамылыкъуэр къабзагъэм йолэжь.**

ИУЖЬРЕЙ зэманым нэрылъагъуу щытык1эр йофІак1уэ: хабзэм къемызэгъ пхъэнк1ий идзыпІэхэр яг1эсеящ. Арщхьэк1э уэрамхэр унащхьэ чэзуэу къызэхэк1ухьи, к1эрыхубжьэрыхухэр, пхъэк1ебжьэк1эхэр, пшахъэу самэхэр здэщ1ымыльэу зы кубжьэли къагъэтыгъуейщ. Абы жьылэм и теплъэр зэримыгъдахэм и мызакъуэу, транспортымк1и шынагъуэу. Ди жагъуэ зэрыбгъунщи, мэкъумэш техникэ зи1э унагъуэхэми я гъэувып1эр а куэбжэпэ дыдэхэрщ.

Къуажэ администрацэм пищынщ къуажэм и теплъэр егъэфІэк1уэным пыщ1а лэжьыгъэм.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

*Тхакіуэ, усакіуэ цІэрыІуэ, УФ-м и Журналистхэми Тхакіуэхэми я зэгухьанытІэхэм хэт, «Ипъсоим и журналист нэхъыфІ» (1993 гъэ) саугъэтым и лауреат Хьэту Пётр Мацулэ и къуэр 1950 гъэм мэкъуаэгъуэм и 2-м Шэджэм щыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэ нэужьым Налшык дэт �щэнхабзэзуэщІыныгъэ училищэм и режиссёр факультетыр 1974 гъэм къыухащ. Краснодар Щэнхабзэмкіэ и институтым илъэсищкіэ щеджащ. 1991-1996 гъэхэм Дон Іус Ростов щыІэ Кавказ Ищхъэрэм къэрал Іуэху зехьанымкіэ и академием пресс-менеджер, правовед Іэщіагъэхэр щызригъэгъуэтащ. Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбардей къэрал драмэ театрым и актёру, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым режиссёрым и къуэдзэу илъэс зырызкіэ щыІэжащ. 1976 гъэм щыщІэдзауэ 1990 гъэ пщІондэ клуб лэжьыгъэ Іэнатіэ зыбжанэм къызэрэзэпэщакіуэ, щэнхабзэхэмкіэ унэхэм я унафэщІ къалэнхэр щигъэзэщІащ. Къэбгъэльэгъуэмэ, илъэс 17-кіэ щэнхабзэ Іэнатіэм хуэлэжьащ. 1990 - 1997 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм прозэмрэ поэзиемкіэ и къудамэм и редактору щытащ. Мы зэманым «Нур» журналым и редактор. Къищынэмыщіауэ, республикэм и къэрал щэнхабзэм къызэрэзэпэщакіуэ, щэнхабзэхэмкіэ унэхэм я унафэщІ къалэнхэр щигъэзэщІащ. Къэбгъэльэгъуэмэ, илъэс 17-кіэ щэнхабзэ Іэнатіэм хуэлэжьащ. 1990 - 1997 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм прозэмрэ поэзиемкіэ и къудамэм и редактору щытащ. Мы зэманым «Нур» журналым и редактор. Къищынэмыщіауэ, республикэм и къэрал щэнхабзэм къызэрэзэпэщакіуэ, щэнхабзэхэмкіэ унэхэм я унафэщІ къалэнхэр щигъэзэщІащ. Къэбгъэльэгъуэмэ, илъэс 17-кіэ щэнхабзэ Іэнатіэм хуэлэжьащ. 1990 - 1997 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм прозэмрэ поэзиемкіэ и къудамэм и редактору щытащ. Мы зэманым «Нур» журналым и редактор. Къищынэмыщіауэ, республикэм и*

*и тхакіуэхэм, усакіуэхэм я тхыгъэхэр къыщыдагъэкікІэ холъжьыхь.*

*Школым щыщІэса зэманым щыщІэдзауэ усэхэр, рассказхэр, очеркхэр етх. И тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ щІэх-щІэхыурэ къытохуэ, радиомрэ телевиденэмкіэ къат. Тхылъ щхьэхуэзэкІэ къыдигъэкІащ. Апхуэдэхэщ «Тхьэгъэлэдж» (1993 гъэ), «ГуГъэм и кхъухэхэр» (1995 гъэ), «Жьырытэдж» (1998 гъэ), «ПщІыхь плъыфэхэр» (2000 гъэ), «Бжьыхьэ удж» (2005 гъэ), «ПщІащэпыху» (2010 гъэ) тхьылъхэр. Къищынэмыщіауэ, Пётр и Іэдакъэ къыщІэкіа усэ зыбжанэ хагъэхьащ усакіуэ зэмылІэужьыгъуэхэм ятхахэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэм.*

*Анэдэлъхубзэр, лъэпкъыр, Хэкур сабийхэм фІыуэ егъэлъагъунымкіэ, гъэса хъунымкіэ Іуэрыдуатэм къыдэкІуэу мыхьэнэшхэ зиІэ сабий, лъэпкъ литературэм Пётр хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ, ноби хуещІ. Сабийхэм яхуэпъэща усэхэр пТхыныр, цІыкІуэхэм я псэ къабзэм уПэЛЭсынымр нэхъ гугъуу къалъытэ. Ар фІыуэ къыззрехьулІэрщ и къалэмыпэр цІыкІуэхэм щІахуигъабзэр. Къищынэмыщіауэ, Хьэтум и усэкъебжэкІэр, усэ-къуажэхьэхэр гъэщІэгъуэнщ. Псалъэжьхэр, псалъэшэрыуэхэр, къуажэхьэхэр, гушыІэхэр, ауанэхэр, щІагъыбзэхэр, нэгъуэщІ-къинэмыщІхэр къыщыгъэсэбэпа усэхэри и мащІэкъым.*

*Хьэту Пётр и къалэмыр хуегъабзэ цІыху гъащІэм хэлъ псэ къабзагъэр, дахагъэр къэгъольагъэуным. Илъэс зыбжанэкІэ зэхуихьэсыжа «Таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ» тхылъыр иджыблагъэ дунейм къыпетхащ. Ар сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ зыхуэныкъуэщ икІи щІэупщІэ зэриІэнум щэч хэлъкъым.*

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

## Іуащхьэмахуэ къэвмыгъэуш!

ПСЭУАИ-мыпсэуаи, щыІаи-щымыІаи, ауэ, зэраІуэтэжымкІэ, хуэдэ уигъэлъыхъуэну, зы быныманлэ гуэр псэурт, жи. И фыз нэпсеижьраУи жаІэрт ар апхуэдэу зыщІар. Зыгуэрми тхьэ иІуэрт абы, къызэралъхуу, и бынжэр пызыупщІа фызым и пщэм илъа дыщэ лэрыпсыр епхъэу зы кьричауэ. Зи нэ къэмыпщІам кьричар имылъагъуми, зэрыдыщэр псэкІэ къищІа нэхъей, иубыдри яхуиутыпщакъым, жи. Щхэхимыутыпщым, Алыхь Іэмырщ, жиІэри, лэрыпсыр зейм къыхуигъэнащ. Иужькіэ ар и пщэм иралъхьэжри, дыщэм хуэнэхъуеинщэ зэрыхъуар абдеж къыщежьауэ къалъытэ.

Езы лІыр, хьилагъэу имыщІэ дунейм темыту, бзаджэжьт, «хьэкІэпыч, гу кІуэм гудзэ къыкІэреуд, хьэмышынэ-мыукІытэ дзажэпхъэ ещІ», хужаІэу хьихьэхкІ зиІэ гуэрт икІи еГэлэеяуэ къулейт. Ауэ, итІани, «абы и мылъкум нэхърэ и гугъэр сиІащэрэт» зытражьыІыхьажар арауэ хэубгъэфэщэну, жащи махуи ар зэгупсысри зыхуцІэкъуэрти зыт: нэхъри нэхъ къулей зэрыхъунырт... Езым нэхърэ нэхъ къулей дунейм темыту! А хъуэпсапІэр и кІапцІэм апхуэдизкІэ итІысхьауэ исти, жеижьртэкъым, жи, Іурихамэ, пщІыхьу илъагъурт...

Зы жащ гуэрым пщІыхьапІэу елъагъу езым ещхьыфэрэ и нэпсеинэхэр къищІыщхъукІыу жин фІыцІэ къыхуэкІуауэ. Абы къыжреІэ:

- УзышцІэхъуэпсыр кьохъулІэну ухуеймэ, еужьэрэкІ... Іуащхьэмахуэ, и щхьэфэ тІэкІур къытебудмэ, зэрыщыту дыщэщІ..

Мо нэпсейр, а къыжраІар зэхихауэ, куэдрэ щылъыжынт - пІэм къыхоупкІ, белхьэкхъуафэшхуэрэ хьэсунрэ кьепхъуатэ, мафІэгум зредзэри, напІэзыпІэм Іуащхьэмахуэ пІьапэ къыщохутэ. Зэрыкіуа мафІэгури сыт хуэдэ уи гугъэрэт?! Езыр мафІэгупэм къыщикІамэ, мафІэгум и кІэр Зеикъуэ иджыри дэтт, жи, апхуэдизу кІыхьти. Сытми, мафІэгум кьикІауэ: «Мы кьомыр сысейщ иджы», - игукІэ жиІэу Іуащхьэмахуэ дэпІьейуэ зДэщытым, жьакІэху дахэ хъужарэ угъурлыфэ тету зы лІыжь ес - жин хужь - къыбГъэдохьэ, сэлам кърехри, къыпигуфІыкІыу къыщІоупщІэ:

- Мыр сыт, щІалэфІ, джанэ-гъуэнщэдж щІагъщІэлъым фІэкІа пщымыгъыу Іуащхьэмахуэ удэкІыну ухэту ара?

Модрейм, къеуэлІа насыпыр и фІэщ мыхъужу, гуфІэгъуэм зэщІищтарэ и Іупэр фІызэтэж фІэкІа, зыри щыжимыІэм, лІыжьыр, зэпсалъэм зэхихьн хуэдэу и макъым зригъэІэту, ауэ щабэу аргуэру щІоупщІэ:

- Мы пІыгъэмкІи пщІэну узыхэтыр сыт?

- Ей, лІыжь, - жиІащ модрейм, и нэкъыфІэщІ Іэфі-хэм кьыхэзышам епхъэшэкІыу, - уэ абыхэм уи Іуэху лъэпкъ хэлъкъым! Мыбдеж ущызэхэземыкІуэу псынщІэ-псынщІэу зыІуеГэх!.. Сэ Іуэхушхуэ кьыспэщыпщІ!..

- Сэ, - жиІащ дадэм, - мы Іэгъуэблагъэр сохъумэ... Уэ сэ слъагъум мурад гуэркэр уиІэу мыбдеж укъэкІуащ, а уи мурадыр сэ сщІэн хуейуэ си кьалэнщ...

- Къэбвыр сыт уэ лІыжь кхъахэм?! Сэ... Сэ сыхэтми пщІэрэ уэ? Сэ мы бгыжьыр сысейщ. Мыбдеж сыт щысщІэнымри сыхуитыжщ! Уэ, «зыІуегъэх» бжеСІащи, зыІуегъэх!

- Іуащхьэмахуэ уи закъуэу ууейуэ сэ сщІакъым, кьыхсхуэгъэгъу, ауэ...

- Текі си гъэугум! - жиІэу мо къэгубжьам и белхьэкхъуафэшхуэмкІэ лІыжьым щызытришащІэм, модрейм сыт ищІэнт, Іуокіуэтри, блегъэкІ.

- Уи гум Іей илъу Іуащхьэмахуэ удэмыкІ - кьыпхуигъэгъунькъым! - жиІэу кІэлъыгуоуа щхьэкІэ, модрейм ар и тхьэкІумэ иригъэхьакъым, - къуршыбГъэу дэлъэтейри, Іуащхьэмахуэ и щыгу нэхъ лъагэм кьытехутауэ и хьэсунымкІэ бгы щхьэфэм тетІыркъэн щІидзакІэт.

- Узыхуейр сыт, зи уэ кІуэдын? Щхьэ сумыгъэжейрэ? - кьэпсэпъащ бгыхэм я тхьэмадэр. - Мы си лъапэм папщэу къебГъэпщыпІа блэ фІыцІэ кІыхьыжри сыт зищІысыр?

- Ар си мафІэгуц, абыкІэ уи дыщэр си деж сшэну аращ...

- Сыт апхуэдиз дыщэкІэ пщІэнур, зи уэ кІуэдын?

- Сэ уи дыщэр сиІэмэ, сэ нэхърэ нэхъ къулей щыІэнукъым... Сэ нэхърэ нэхъ къулей щымыІэмэ, мы дунейм псом тепщэ сыщыхъунущ, хуитыныгъэ псори сІэщІэну!

- НтІэ, афІэкІа хэмыльу дуней псом уэ тепщэ ущыхъуну ущигугъэкІэ, мэ, уэот, - ар Іуащхьэмахуэ жиІэщ, къыщІиудри, и дыщэмкІэ, дрипхъейм-иригъэщэщэхьурэ, мафІэгур щІригъэхуумащ.

Нэпсеижьыр епЛъыхмэ - и мафІэгур имыльагъужу, дыщэр ауэым дэзу дэлът. Езы бгым епЛъыхмэ - зыри хэмыщІауэ, зэрыІуащхьэмахуэт. «Ей-ехь! - кьыхэкІиикІащ ар, къэгуфІощауэ. - Сэ мыр кьызэдэжэгуу аращ... Хьэм хуадза кьупщхьэу, кьыхсхуидза тІэкІур къэспхъуатэу сежьэжьынкъым... Сэ апхуэдэу сыделэ дыдэкъым, сыкъэбГъэпІэну», - игукІэ жиІэри, аргуэру тетІыркъэу щІидзэжащ.

Іуащхьэмахуэ къэпащэщ, гъуэзымрэ мафІэмрэ тІэкІу дригъэхуэйри, аргуэру къэпсэлъащ:

- Сыт, зи уэ кІуэдын, уэстам уримыкъуауэ ара? Щхьэ си жейр степхупэрэ?

- Сэ, - жиІащ нэпсеижьым, - зы кІанэ къэмынэу уи дыщэ псори тпезмыхауэ сыкІуэжынукъым... Сэ уэ кьыхсхуэбза тІэкІур криКъунукъым...

- А хьэмэ хъилъхуэ!... - кьыщиудыпащ бгыхэм я тхьэмадэр. - Мэ-тІэ, уримыкъунумэ! - жиІэри зэщІэсысэрэ гъуахъуэу нэпсеижьыр кьызытридзщ, щІэпщэкри, аузым дэлъ дыщэри, мафІэгури, иримыкъужьныр кьызыхуэкІуари зэрыхьу хъэрэкъуакІэм дидзэжащ...

Абдежым нэпсеижьыр кьызэщІауэрэ нэбэнэушэу, «си дыщэр, си дыщэ?!..» жиІэу, кІиИуэ Іуащхьэм щыщІидзэм, и фызыр Іэфракіэкіэ и джабэм хуищІэу кьыхуэкІащІэуащ, ж, «гъэгу мыгъуэм ежьэн, умыкІий, дыщэ дызэриІэр ди гъунэгъу фыгъуэнэдыжь къомым... дыгъуакІуэхэм дыкъебГъэщІэнущ!» - жери.

А пщыхьэщхьэм и ужькІэ жэщищ-махуищи дэкІатэкъым, жи, «гур зэрыгъум дыгъур ирокІуэ» псалъэжьыр нэпсеижьым и унагъуэм и щхьэ щирикІуэм.

## Жылэ делэ

МЫ ХЪЫБАРЫР кьыщыхъуар джэд дыхьэшхыу щыщытарщ.

Ар щыІаи, щымыІаи, ауэ, зэраІуэтэжымкІэ, махуэ щэджагъуэу кьуажэ гуэрым зы зэгъэпэща кьекІу кьыдыхьащ, жи, утым и курыкупсэм иувэри гуоуащ:

- ЖылэмахуэхъунІ! Хэт кьищІэну хуей езыр делэрэ губзыгъэрэ? Си гъуджэ телъыджэм и фЫыгъэкІэ ар хэти жесІэфынущ! - кьытригаззэу щэнейр ар жиІэщ, кьепсыхри, кьыІухьэну цІыхухэм япэлпъэу, жыг жьауэм щІэтІысхьащ.

Псом япэу кьыІухьар кьуажэефэндырщ. Абы фІы дыдэу ищІэжьыр зэрыгубзыгъэр, уеблэмэ кьуажэм нэхъ губзыгъэ зэрыдэмысыр, ауэ ар нэгъуэщІым жиІэу зэхихьну щІэхъуэпсыр. Ефэндым, и пащІэ-жьакІэм и Іэ ижьыр дилъэри, кьыпыгуфІыкІыу жиІащ:

- Уи гъуджэм илъи, кьызжелэт, щІалэфІ, сыделэрэ сыгубзыгъэрэ?

- Гъуджэм илъэн хуейр сэракъым, си щІыхьыр ин, узращ. ИтІанэ абы пэжыр кьыбжиІэнукъым, дотэнэху, зы дыщэ сом кьызымытмэ.

Ефэндыр, зы дыщэ сом иритри, гъуджэм илъэщ, и пащІэ-жьакІэм и ІитІри гъэрыгГъуэ иригъажэри, зыхуэарэзыжу, жиІащ:

- ИкъукІэ дэгъуэщІ! ИкъукІэ дэгъуэщІ!.. Сыгугбзыгъащэ нэхъ лажьэ сиІэкъым!

- Ар иджыпстэ къэтщІэнкъэ, зи щІыхьыр ин, - лІы мыщІыхьэм ар жиІэу, гъуджэр и гъэкІуэмэм Іуилъхьауэ, и щхьэр игъэкІэрахъуэу, едаІуэ хуэдэу зыщищІым, хуэмышэчыжу, ефэндыр:

- Сыт жиІэр? Сыт жиІэр? - жиІэурэ и пІэ иуджеихьырт.

Лы мыщІыхьэм, ефэндым и нэр иригъэкІ, кІэщІу пигъащащ:

- Уэлэхьи, дотэнэху, фІэкхъыу уделэу арамэ жиІэр!

Ефэндыр, и фэр пыкІ-пыхьэурэ, зэгуэудыным тІэкІунитІэщ иІэжар, апхуэдизкІэ кьэгубжьыщати, ауэ, кІиИгуо хэмыту, кІэбГъу зищІри екьэжащ. Ар хуейтэкъым, жылэм зэхахьу хьэрГъэшыргъэ кьиІэту, напэтех ящІэну.

ЕтІуанэу кьуажэщІыр, и шызакъуэгум тІэтІэжу игъэщІеикІауэ ису, кьыІупъэдащ. Абыи, зы дыщэ сом кьыІиха нэужь, кьыжриащ:

- Кьысхуэгъэгъу, зи щІыхьыр ин, ауэ уи акъылыр жьыжь нэмысу аращ си гъуджэм жиІэр, икІи егъэщІагъэ мы кьуажэр кьыззрибгъэдэІуэфыр.

Пщыри, и кьамэм епхъуэу, кьэгубжьыкІейуэ кьэгубжьат, ауэ ари, цІыхур кьызэхуэсу щилъагъум, хьэрГъэшыргъэ кьимыІэту, папщэу Іужьжьащ.

Апхуэдэурэ, цІыху кьупІи мыкъулІи, хуитыныгъэ хэха зиІи зимыІи, Іэщцхъуи мэкъумэщыщи, шуи лъэ суи Іэджэ кьыбГъэдыхьэурэ я щхьэр фІелэлу ІуКІыжащ. Псоми, я нэр иращІу, кьамэ кьудей зыкІэрыщІахэми, къамэри, сэщхъуэри кІэрыщІарэ фочри зыІыгъыжхэми, зыми щымышынэу, фІэмылІыкІыу, яхуэфащэр яжриІэрт. Псом хуэмыдэу, мэкъумэщыщІэхэм щыс-хьыртэкъым: шэм жриІащ и щхьэм, акъылым и пІэкІэ, шабий икударэ мыгувэ и тхьэкІумэхэмкІэ кьищэщыну, адрейм жриІащ щхьэгурахъэрэ и щхьэм щІацІу щызепщэу, и тхьэкІумитІым бжьэхуц иримыкудэмэ, кьэнэжа акъыл мащІэри жьым ирихуну, нэгъуэщІым щхьэ кьэбкІэ ещащ. ЗэкъуэшитІ кьиІухьати, шэм жриІащ и щхьэм зыри имылъхьхэІэуэ, адрейм жриІащ и щхьэм Іуданэ псыгъуэ щыкІу щэщІауэ илъщи, дахэ-дахэу мылажьэмэ, хьэулейуэ дэтмэ, а Іуданэр зэпычынурэ и тхьэкІумитІыр кьыгуэхуну...

Махуэ псом губгъуэм илжьыхьауэ зы мэкъумэщыщІэ блэкІрэ пэт къэувыІэри, мо лІы мыщІыхьэм жиІэ-жэм едаІуэу, ауэ езым зыжьыр жимыІэу щыттри, жылэр, гушыІэ хэмыльу, зыгъэпІейтеяр щІэупщІащ:

- Уэ сыт зыри жумыІэу ущІыщытыр? Уделэрэ угубзыгъэрэ кьэпщІэну ухуейкъэ? - жери.

- Сэ езым си акъыл здынэсри сощІэж, - жиІащ мэкъумэщыщІэм. - Сыгъуапэкъым, сыпщамПІэкъым... Си унагъуэр сПІын щхьэкІэ, махуэ псом губгъуэм ситщи, си акъылым зезгъэужьыну, си щІэныгъэм хэзгъэхуэну Іэмал сиІэкъым. Ауэ сиІэ акъыл тІэкІуми зытеэзгъэгусэркъыр... Уэ езыр узэрыгубзыгъэр солъагъу: шы-уанэ зэтелъ дэгъуэ уиІэщ, уи фащэри аращ... Ахъшэ къыззриблэжьын Іэмалыр гъэтыгъуейкъым, делэу дунейм тетыр мащІэкъыми. Мы си къуажэгъуэри, псори фІыуэ соцІыхури, акъылІкІэ жьыжьэ зэрыІэмэсыр сощІэ, ауэ уэ, зыри умыщІыхуу, дауэ кьэпщІа абыхэм я Іуэхур зыІутыр? Пэж дыдэу уи гъуджэм лъэкІыныгъэ гуэркэр иІэ хьэмэрэ?..

- СыкъэпщІащ, си къуэшыжь, си гъуджэр кьызэрыгуэкІ гъуджэщ, ауэ делэ кудэм абы нэщІыхпъуэ хэлъу къащохьу. КьызбГъэдыхьа уи къуажэгъу псори зэрыщхьэнэшин къэщІэгъэльэкІым... Иджмпсту губгъуэ лэжьыгъэм и гуащІэгъуэ дыдэщ. ЛІыщІэ зиІэхэм я Іуэхур гурыІуэгъуэщ: ахэр, зы бащ къамыІэту, тхъэжу мэпсэу. Ауэ умэхъыумэщыщІу Іуэху мыкъэнэнщэжкІэ утехьэулеикІыныр щхьэнщагъэщ, кьыпхуагъэгъу мыхъунщ. Губзыгъэм, и Іуэхуи, и дэлъи кьигъанэу, уеблэмэ ар «уей-уей» жригъэІэрэ зыри имыщІэу къэувыІэри, Дабагъуэ пкІащ. Арщхьэкіэ бланэр аргуэру лъэбакъуипщІкІэ Іужри къэувыІэжащ.

Дэбагъуэ пкІэху, бланэр Іулъеикі-кхъуэщІыжьурэ, мэз гъунэм нэсащ. Дэбагъуэ ешащ. ЕтІысэхри, егупсысжащ, мы бланэр щхьэ кьесхуэкІрэ, кьэзубыдыпэми, ар зи инагъыр схуэІыгъынукъым, ирифІэзгъэжьну си кьамэри скІэрыпІъыжкъым, жери. Абдежщ Дабагъуэ игу кьыщыкІыжар и Іэщэри, и щІакІуэри, и шы-уанэ зэтелъри зэрыфІадыгъуаэр. Кьыщыльэтри, игъэзэжьну хуежьащ, и шы лъакъуапІэмкІэ ирикІуэу фІагъэбзэкар кьиригъэтыжьын и гугъэу.

Бланэм и щІыбагъыр хуигъазэу кьыздикІамкІэ игъэзэжьну лъэбакъуищи ичатэжьым, кьыщІыувыІэжам. Езым и дамыГъэр зытелъ и Іэщэр кьимыщІыхужьынкІэ Іэмал иІэтэкъым: и шабзэмрэ зы шабзэшэ ильу и шабзалъэмрэ жьыг кьудамэм фІэлът. Дабагъуэ, арыхэхэти, абдеж зыІэзыбжьэу и шабзэр кьудамэм кьыфІихри зэІуидзащ. Ауэ кьапІъэу щыт бланэм щытригъапщэ дыдэм, модрейр, макІуэ-мэлъей, мэзым хэкІыжащ.

Дэбагъуэ, бланэм и ужьым иту, мэзым хэкІрэ зыкъиплъыхьмэ, бланэр - бГъэтэм, къащтэ - бззкащ. Жьыжьэ лІэмэс, къуажэ щытІу. Си хэзыдзыгъуаэр мыбы, дауи, дэсщ, жери кьуажэмкІэ иунэтІащ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІт. Ялэ кьыхуэзза унэшхуэм Іухьэри пщІантІэм дыхьащ, езыгъэблагъэн пщІантІэм дэттэхъуэм, унэми зыри кьыщыщІэмыкІым, хьэщІэщымкІэ иунэтІащ. ХьэщІэщым ихьэри - зыри щІэстэкъым. Іэнэ кІыхьышхуэм щетІысэхри тет уэздыкнэр игъэзууащ. Зыри къакІуэртэкъым. Апхуэдэу куэдрэ щыса, мащІэрэ щыса, сытми, зы зэман зэ, щхьн зэгъэпощІарэ мэрэмэжьей фальэрэ иІыгъыу, уэримыгъэпІъу дахэу хъужджэбз зэкІуж къыщІюкъэ. Хъыджэбзыр, зыри жимыІэу къихьар Іэнэм хутригъэувэу, ердакъэ, жыхуиІэу и Іэр ищІу щыщІэкІыжым, Дабагъуэ щІэупщІащ:

- Унагъуэм нэхъыжь искъэ? - жери.

- Си адэр зекІуэ къэтщ.

- Уэр фІэкІ, пщІантІэм зыри дэмысу ара?

- Дэскъым. Си лІыщІэ-унэІутхэр хьэхуу стауэ хэзгъуэлІыгъуэ щыІэхэщ.

Дэбагъуэ иджыри зыгуэр жиІэну и жьэр щызэщІихым:

- УпщІэ хуэдэдуІуэ кьыкІыбот, щІалэ хьэщІэ, - жиІэри хъуджэбзыр щІэкІыжащ.

Дэбагъуэ, етІысылІэри, бысым хъужджэбзым кьыхуихьа шхын щІагъуэм фІыуэ хигъэщІащ, мэрэмжьей фальэр трифыкьыжащ. И жейр кьыщІетуэрэм, хьэщІэщ лэгъунэм кІуэцІрыкІри, зэлъыІуха пІэм зригъэщІащ. Арыхэхэуи Іурихащ.

Дэбагъуэ жейуэ здыхэлъым пщІыхьэпІэ дахэ елъагъу: бысым хъужджэбзыр кьыщІохьэри и гупэм къогъуэлъэ... Арыхэхэуи игъащІэм зыхимыщІа Іэфы Іигъэр зыхещІэ. Пщэдджэжьым кьоушри, и тас-кьубГъаныр щыгтыт. Дэбагъуэ зыкъетхъэщІ-зыкъетхъэльэщІри, пщэдджыжьым шей фІэкІа нэгъуэщІ шхынгъуэ зи гум хуэмыкІуэу щытам хуабжьу зэрымэжалІэр зыхищІэу икІи игъэщІагъуэу лэгъунэм кьыщІокІ. Іэнэ кІыхьым тетахэр тетыжтэкъым, йотІысылІэри тет уэздыкнэм йоуэ. ХьэщІэщым зыри кьыщІыхьэрхъым. Уэздыжнэм аргуэру йоуэ. Зыри кьыщІэмыхьэрэр щэджагъуэм нос. ШэджагъуэнэуэжьыМ, шхыни сыти имыІыгъуу, бысым хъужджэбзыр кьыщІохьэ, узыхуейр сыт, жери.

- Шей тІэкІу нэхъ мыхъуми...

- Сэ, - жиІащ хъужджэбзым щІыІэ-щІыІэу, - сыунэІутхъым. Ди хьэщІэщым кьыщІыхьэхэр згъэхьащІэу, Іэнэ зесхьэу си хабзэкъым. Дыгъуэпшыхь ешагъафэ уэспльати, сфІэгуэныхь ухъури, узгъэхьащІащ. Иджы, си адэри, си дэлъхуэри, ди лІыщІэхэри щымыІэу, емыкІыу лІы закъуэ згъэхьащІэу Іэнэ зесхьэу махуэм сыкъалъагъуну. Іэхъу уимыІэмэ, уздэкІуэн щымыІэмэ, пщыхьэщхьэ пщІондэ зыхуэгъэшэч...

Ар жиІэри бысым хъужджэбзыр щІэкІыжащ. Дэбагъуэ къэтэджу ежьэжьыну зэ хуежьат, ауэ дидузу кьыхуэгъапэу пщІыхьэпІэу ильэгъуа хъуджжэбзым иджыри зэ нахуапІэу Іуилпльэжу, зыгъэр жриилъэжу ежьэжьыну и гум кьыхуидэртэкъым. Абы щыгъупщжат къиишэну гурыІуауэ фІахьа хъуджжэбзри, мэзым щыфІадыгъуа шы-уанэ зэтелъри, кІэрыльа Іэщэри, кьрихуэкІа бланэри. ХьэщІэщым щІимыгъэкІыжу зи кьару гуэрым иІыгът ар, пщыхьэпІэри апхуэдизкІэ наІуащэу и нэгум кьыщІыхьэжырти, ар пэж дыдэу кьэхъуауэ фІэкІ кьыщІыхьэжьыртэкъым. ИкІэм-икІэжым, дауэрэ сщІыми, мы хъужджэбзыр кьэзмышэмэ, сыпІэм и гъунэщ, жиІэри, и фІэщу абы триубыдащ. А гугъэ Іэфіхэм хэтури пшапэр зэжэуащ. Куэд дэмыкІыуи, хьэщІэм ишхынрэ зэфэнрэ иІыгъыу, бысым хъужджэбзыр кьыщІыхьащ. Къихьар Іэнэм хутригъэувэри, зыри жимыІэу щІэкІыжьну бжэмкІэ щиунэтІым, Дабагъуэ, зыгуэр бжеСІэнут, жиІэри хъужджэбзыр кьиГъэувыІащ.

- Иджыпсту кьызжеІэнэр пщэдджыжькъ кьызжеІэмэ нэхъыфІщ, - жиІэри хъужджэбзыр щІэкІыжащ. Дэбагъуэ кьебла и гурыщІэр хьэщІкъ зыхуэхъуа хъуджжэбзым хуиІуэтэну арат, кьыздкІуэри ельэІуну и мурадт. Арщхьэкіэ махуэ псом зэжьар кьыхуэщІэрэ кьемыплъыщІуэ щыщІэкІыжьым, хъуджжэбз пагэр кьыхудэмыжьэхыну шэч ищІыжащ. Сыт ищІэжынт, фІыуэ шхэри, мэрэмжьей фальэр трифІыкьыжащ. Арыхэхэуи, и жейр кьытегуплІэу щыхуежьэжьм, лэгъунэм кІуэцІрыкІри пІэм зригъэщІащ. Аргуэрыжьуи апэ жьщым зэпщІыхьар иІагъуважащ. Абы кьыжікІэпъыкІуэжа махуэри жэщри зэрекІуэкІар апэрейхэр зэрекІуэкІа дыдэм хуэдэущ. Ауэ ещанэ пщэдджыжьым къэхъуар гъэщІэгъэнэщ. Дабагъуэ, къэтэджмэ, ельагъу: и къамэри, и сэшхуэри зыхэльа гъуэлъыпІэ натІэм фІэльщ. ЩІыбым кьыщІэкІмэ, и уанэр тельыжу, и шыр пщІантІэм дэтщ. Дабагъуэ шы фІэдзапІэм бгъэдыхьэмэ, кьабзэу зэрызехьар, зэрыгъэшхар нАІуэу, и шыр джэгуу щыттри, мэшэсри пщІантІэм зэ зыкъыщІегъаз. Абдеж Дабагъуэ зыкъещІэж: и шыпхъуэм деж щыІэу кьэхъуари, мэзым кьыщыхъуари, жэщищ-махуищкІэ кьыщІэмыкІыну хьэщІэщым зэрыщІэсри, зэщхьу и пщІыхьэпІэ гъэщІэгъэнэхэри и нэгум зэуэ щІокІыж. А псом кьаГъэІуэбжьауэ, мыбы кьызгурымыІуэу зы удэгъэ гуэр хэлъщ, жиІэу и гуи къэкІа ещІэрэ, бзым хъужджэбзыр шордакъ лъагэм кьхэщІ. Абы зы дахагъэ иІэти, узримыгъэпІъу нурыр кьыщыхъэщихырт. Дэбагъуэ и нэр абы тедияуэ пщІантІэкъм здитым:

- Уи пщэдджыжьк фІыуэ, Дэбагъуэ! - жиІэри хъуджжэбзыр кьыхупыгуфІыкІащ.

Дэбагъуэ нэхъри кьэуІэбжащ, мыбы си цІэр жезмыІауэ, дэнэ кьыщицІар, жери. Хъуджжэбзым абы игу кьэкІар кьишІа хуэдэ:

- Уи зыІыгъыкІэ-уи шы тесыкІэкІэ, уи лІыуэ-лІыфэкІэ, уи хъыбархэмкІэ хэт уэ узымыщІыхуэ?! - жиІэри, и дзэ хужьхэр кьыщІигъэщу, зэрылъэлъу дыхьэшхащ. ИтІанэ дыщІигъужащ: - Уежьэжамэ, гъуэгу махуэ!.. Дыгъэпшыхь ди адэм дежь лъыхъу кьыхуэбГъэкІэну жыпІащи, сыножьэнщ.

Дэбагъуэ апхуэдэу щыжиІар асыхьэту кьыхуэмышІэжами, и шым елъэдэкъуэрэ:

- ЖысІамэ, си псалъэ сытекІыжыркъым, - жиІэри, хъуджжэбзым и цэми щІэмыутщІэжу, ежьэжащ.

Мазэ хуэдизу дэкІуэу, Дэбагъуэ лъыхъуэр кьигъакІуэри, зэгурыІуахэщ. Зы мазэ дэкІыжри лъэпкъ цІэрыІуэм кьыхэкІа хъуджжэбзыр фызышэу кьыхуашащ. ХьэгъэлІыгъуэ сытхэр зэфІэкІри, нысащІэр и лэгъунэм щІиша нэужь, Дабагъуэ щІэупщІащ:

- Иджыри кьыздэсым уи цІэр сщІэркъым, умыбзыщІмэ, кьызжеПІэмэ хъуркъэ? - жиІэри.

- Уэ ущакІуэ Іэзэрэ унабзэгубдзапІъэу игъэхьыбар. Иджыри кьэс кьызэрызэджэри сэ езыр сыхэтми зэхьумыгъэкІауэ, дауэ уи Іуэхур зэрыщытыр, си щащэ?

- Уи удыгъэм хьэщІыкъ себгъэщІащи, а пСом сегупсысну сыхунэсакъым, - кьыпыгуфІыкІащ Дабагъуэ.

- Сэ сыудкъым, Іэзэ-гъуазэ, удыгъэ зэхуэмышэкэр схэпъыи. Сэ си адэм кьысфІищами сытеукІытыхьыжыркъым...

- АтІэ, Іэнкуни сумыщІу, хуэзгъэфащэу бэлыхьи сыхьымыгъэту, уи адэм кьыпфІищар жыпІэмэ, хъуркъэ?

- Си адэм цІэ дахэ кьысфІищащ: Бланэ.

● Гъэздж э

# Зэныбжьэгъуэгъэм лъэпкъ зэхэгъэж щІэкъым

**Дунейпсо Аткомитетым иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ «Таланты Евразии - 2017» ялэ зэпеуэр. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Абхъаз, Адыгэ, Дагъыстэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Шэшэн, Ингуш республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Афганистаным, Армением, Индонезием, Москва къалэм щыщ къэфакІуэхэр, уэрэджыкІуэхэр, макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэхэр.**

ИЛЪЭСЫЩІЭМ и ялэ махуэхэм ирагъэкІуэкІа зэпеуэр республикэм и щэнхабзэ, гъуэздж, жылагъуэ гъащІэр егъэфІэкІуэныжмкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ уэзыдж. Зэхьэзэхуэм хэтахэм телъыджэ ящыхъащ Налшык къалэм и дахагъэмрэ абы щыпсэу цІыхухэм дальэгъуэ гуапагъэмрэ.

КъыдэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ, Дунейпсо Аткомитетым и вице-президент, а зэгухьэныгъэм и лІыкІуэу Кавказым щыІэ, Творчествэмкіэ академием и президент, академик **Бейтыгъуэн Іуэес** зэхьэзэхуэр къыщыхъуихьым жиІащ: «Пэпкъ, щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ щІалэгъуалэр щэнхабзэ махуэшхуэхэм нэхъри зэпэгъунэгъу ящІ, зым и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ адрейхэм зыщыхагъэгъуазэ. Дыззырыт динкІэ, хабзэкІэ, тепльэкІэ дыззщхъэщыкІми, псори дызыхущІэкъуэ зыщ - насыпырщ, лъагъуныгъэрщ, узынщагъэрщ, мамырыгъэрщ. Дызэмыщхьми - дызэкъуэтщ. ЗэныбжьэгъуГэм лъэпкъ зэхэгъэж иІэкъым, Урысейм ис псори зы унагъуэшхуэм дыхуэдэщ».

«Таланты Евразии - 2017» зэпеуэм хэтхэм уэрэд жыІэным, кІафэм, макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэным щаІэ зэфІэкІыр къагъэлъэгъуащ, жанр, унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ мастер-классхэр, зэныбжьэгъугъэм и пшыхьэр. Налшык къалэмрэ республикэмрэ я щІыпІэ дахэхэм нэгуэгъэужь зыплъыхьакІуэхэр щрагъэкІуэкІащ. ХьэщІэхэм ди щІыналъэр ягу дыхьащ.

Уэрэд жыІэнымкІэ къэпщытакІуэ гупым и унафэщІ, Урысейм и цІыхубэ артистка, Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Гъэсашэ Наталье** жиІащ: «Концертхэр стыуэ къэрал 40-м щІигъум сыщыІащ. Дэнэ щІыпІэ дыкІуэми, Урысейм икІачэм дапщэщи гуапэу къыщытІущІэрт. Налшыкдэсхэми хьэщІэхэр апхуэдэу кьедгъэблэгъащ. Урысейм и къарур зэлъытар лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым хамэ къэралхэм лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я зэкуакІуэ Іуэху зэІумыбзэкІ къыщІэкІыжащ, щІэблэм гъупщэ хъунукъым зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ цІыху псори зы унагъуэшхуэм хуэдэу ди зэхуакІуэ зэгурыІуэныгъэ дэлъын зэрыхуейр. Урысейр хущІокъу дуней псом ис лъэпкъхэм зэныбжьэгъугъэ яхуиІэным. Лъэпкъхэр зыр адрейм куэдым зэрыхурагъэджэфынум и щыхьэтщ гуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ зэфІэкІ щызиІэхэм хухаха махуэшхуэр».

- Ди блэкІари, ди къэкІуэнури, ди тхыдэри зыщ. Зыщыщ лъэпкъми, зэрыт динми, зыгъэт хабзэми емылъытауэ, зым адрейм пщІэ хуэтщІыфу зедгъэсэн хуейщ. НэгъуэщІ лъэпкъхэм ятеухуауэ нэхъыбэ зэрызэдгъэщІэным дыхущІэвгъэкъуэ. Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщу Урысейм и зІуужьныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ цІыхухэр тхуэмэну, тхыдэр зэгъусэу тІхыну къызэрытпэщылъыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, - пищащ къэфакІуэхэм я къэпщытакІуэ гупым и унафэщІ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Алан» къэрал академическэ къэфакІуэ гупым и балетмейстр **Тедеев Руслан**.

ЩІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьикІа хьэщІэхэм зэпеуэр къыхэзылъхьахэмрэ абы кьрихьэлІахэмрэ фІыщІэ ухащІащ, екІуу къаззэрыІущІам, Іэгуаузыхуэ зэрыхуаІэтам, я гъэзэжьыгъэ зэныбжьэгъугъэм и пшыхьэр. Налшык къалэмрэ республикэмрэ я щІыпІэ дахэхэм нэгуэгъэужь зыплъыхьакІуэхэр щрагъэкІуэкІащ. ХьэщІэхэм ди щІыналъэр ягу дыхьащ.

Уэрэд жыІэнымкІэ къэпщытакІуэ гупым и унафэщІ, Урысейм и цІыхубэ артистка, Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Урысейм, дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я макъамэ щэнхабзэм зыужьыныгъэ хэзылъхьа, ди къэралым и отверз, макъамэ театр зэмылІэужьыгъуэхэм щылэжьа уэрэджыкІуэу Іэзэ, гъуэзджэмрэ щэнхабзэмкІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакІуэ куэд зи гъэсэн Гъэсашэ Наталье и цІыкІэ ягъэува дыщэ орденымрэ щІыхь тхьылъымрэ. Дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэщащэхэм ираташ.

Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Токъуий Мадинэ** къыхигъэщащ Дунейпсо Аткомитетым Кавказым щиІэ къудамэм зэрыдгалажьэм Налшык къалэр нэгъуэщІ щІыналъэхэм щыпсэухэм фІы и лъэныкъуэкІэ кьеГъэлЫхуныжмкІэ, щІэблэм Хэкур фІыуэ ялъагъуу, нэгъуэщІ лъэпкъхэм ящыщхэм лъытэныгъэ хуаІэу къэгъэхъуныжмкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Зэпеуэр щиухым, текІуэхэм кІэух концерт ин къыхуэзгъэпэщащ, дыщэ медалхэмрэ щІыхь тхылъхэмри хуагъэфэщащ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

● Шапсыгъ

# Къэралым и ансамбль нэхъыфІхэм хабжэ

**Москва иджыблагъэ щекІуэкІа Урысейм и лъэпкъ къафэхэм я зэхьэзэхуэм нэхъыфІу къыщалъытахэм ящыщщ «Шапсыгъым и нартхэр» ныбжьыщІэ къэфакІуэ гупыр.**

ИЛЪЭСИЩ и пэ зэхаша ансамблым и ехьулІэныгъэхэм нобэ зэрылъэпкъыу ирогушхуэ. Ялэщ ІыкІэ зиІэ щІалэгъуалэр зэхуэшэсныщ къызэгъэпэщакІуэхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжкр. Ауэ гупым зэрыщымыгугъуэу Мейкъуапэ, Налшык, Ставрополь, Сочэ къалэхэм, Москва областым ехьулІэныгъэфІхэр щызыІэригъэхьэм яча лъэбакъуэм щыгугфІыкІыжащ. Иужькіэ абыхэм яхуэзэфІэкІащ Урысейм и къалащхьэм екІуу зыкъыщалъэпсэгъуэн.

Гъэсакіуэ Іэзэхэу Лийкэ Артуррэ Оксанэрэ къэфакІуэ гупым хуаІа мурад дахэхэр зрагъэхьулІафащ. Бжьыхьэ кІуам, абыхэм лъэпкъ къафэхэмкІэ Урысейм и Кубок зэІухам хэтыну зыщрагъэтхам, кащІэнэкІар мащІэкъым. «Іуэху пщІыр Іуэху мэхъу», - жиІэ адыгэм. Іэхуэм хэзыщІыкІхэр щыгъуэзащ а зэпеуэм уэгтым къудейри пщІэшхуэу зэрыщытыр, текІуэныгъэ зыІэрыбгъхьэныр фІыгъуэ мылъытащ. КъэфакІуэ цІыкІуэм Санкт-Петербург текІуэныгъэ къыщахьри, зэпеуэм и кІэух Іыхьэм хэтыну Москва ирагъэблэгъат. Гупыр екъэн и пэ къиухуэу Сочэ къалэм и ІэщІхьэ Пахомов Анатолий къуэкъэдэхэм я лъэІур зэхищІыкІри, мыльку кІэ защІигъэкъуащ къэфакІуэхэм. Апхуэдэуи «Южная транспортная компания» Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ, къуэрыІатыщІэ Тодуа Александри къадэІэпыкъуащ.

- Хуабжьу дыщыгуфІыкІащ мыльку кІэ зыкъыІэзрытщІагъэкъуам, - жеІэ Лий Артур. - Ахъшэ дыщымыщІэу, мыльку къуэгуеиным демыгугъэсыу кІарууэ диІэр утыкум дахэу дызэритыным етхъалІэну Іэмал диІащ.

Урысейм и лъэпкъ къафэхэмкІэ зэхьэзэхуэм и кІэух Іыхьэр «Космос» хьэщІэщым и концерт гъэлъэгъуапІэ Іэхуитльэхуитым щекІуэкІащ. Федеральнэ хэгъуэгуэхэм щекІуэкІа зэпеуэхэм щытекІуэхэм-рэ къыщыхэжаныкІэмрэ, апхуэдэуи Кубокыр зи Іэрыльхьэхэри кьрашащ а утыкум. Щэч хэмыльу, зэпеуэр гуащІэ хъуат. КъэпщытакІуэ гупым хагъэхьар ди къэралми абы и адрыщІкІи щыщІэрыІуэ артист цІэрыІуэхэт. КъызэгъэпэщакІуэхэм я лъэІуфкІэ абы ирагъэблэгъат Урысейм Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ я цІыхубэ артист, Куржы ССР-м щІыхь зиІэ и артист Плиев Нодар. «Шапсыгъым и нартхэр» гупым зыкъагъэлъэгъуа иужь, Нодарщ утыкум кьихьэу дипломым и ялэ нагъыщэмрэ жэз медалхэмрэ ныбжьыщІэхэм езыгъат.

- Зэпеуэм и кІэух Іыхьэм кърагъэблэгъа ансамблхэм я лъэщагъэр къэплъытэмэ, дубыда увыпІэмкІэ дыдэрэзыщ, къэралым и ансамбль пэрытхэм я нэхъыфІу дыкъалъытащ, - жеІэ Лий Артур. - КъищынэмыщІауэ, хэгъуэгу зыбжанэм щыщ ныбжьэгъущІэхэр зэдгъэгъуэтащ. Мы зэпеуэм ди дежкІэ хуабжьу щхьэпэщ, икІи къэблагъэ зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр къэтхьын хуэдэу зыхуэдгъэхьазырынщ.

**НЫБЭ Анзор.**



● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

# «Іуэхутхьэбзэм» къыпэкІуэр

**Бахъсэн районым и полицейхэм наркотик зэхьэлІапІэр зэхуащІащ.**

УРЫСЕЙ МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ нэхъапэм къыщІэмыкуа, илъэс 30 зи ныбжь бахъсэндэс щІалэм и фэтэрыр наркотикхэр щагъэхьэзырын икІи щызэрахьэлІэн папщІэ зэритыр. А «Іуэхутхьэбзэм» къыпэкІуэу езыным къыльысыр наркотик зэхьэлІэгъуэ.

***Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм.***

# Бэлагъы Любэщ жэрдэмыр къыхэзылъхьар

● Сочэ дунейпсо кинофестиваль

**Гъэ кІуам и кІэухым Сочэ щекІуэкІащ «ИРИДА» SIFA Sochi International Film Awards ялэ дунейпсо кинофестивалыр. Ар и жэрдэмт режиссёр цІэрыІуэ Къандур Мухьэдин и щхьэгъуэ, усакІуэ Бэлагъы Любэ. Іуэхур къыдаІыгъащ Сочэ къалэ и Іэтащхьэ Пахомов Анатолийрэ сенатор Къанокъуэ Арсенрэ.**

ЗЭХЫХЬЭМ хьэщІэ лъапІэ куэд хэтащ. Абыхэм ящыщщ режиссёрхэу Каджио Джюничи, Дитрич Татьянэ, Диллон Элизабет, Гречевский Борис, тхакІуэ Ерофеев Виктор, Литвам щыщ актёр Паулавичуэ Андриус, урыс актёрхэу Колосов Максим, Шевченкэ Даниле, Медведевэ Иринэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

Кинофестивалыр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту «Рэдиссон» хьэщІэщым къыщыдэІуахащ. Ялэу псалъэ зрата Пахомов Анатолий жиІащ я щІыналъэм дежкІэ фестивалым иІэ мыхьэнэр зэрыиныр, кІэзэгъэпэщакІуэхэми абы хэтыну зыхуагъэфэщащэхэми ежьыІэныгъэ яІэну ехъуэхъуащ. Абы къыкІэтыкІуэу утыкум къратгъэблэгъа Бэлагъы Любэ и Іуэхур къыдэзыгъэпсынщагъэм фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ.

Фестивалыр ирагъэкІуэкІащ урыс актрисэ Арзамасовэ Лизэрэ Британием щыщ актёр цІэрыІуэ Лой Джекрэ. ГуфІэгъуэ зэхьэхьэр ягъэдохащ скрипач ныбжьыщІэ Къандур Алим, уэрэджыІаКІуэ цІэрыІуэ Клиф Нэш и гупыр щыгъуу, Индием щыщ къэфакІуэ Бхат Ниши, Урысейм и цІыхубэ артист Шакуров Сергей, уэрэджыІакІуэхэу Шацкая Нинель, Волковэ Екатеринэ, Макаркийхэ Антонрэ Викториерэ, Белоруссием къикІа «Чистый голос» уэрэджыІакІуэ гупым, нэгъуэщІхэми.

Режиссёр, актёр ныбжьыщІэхэм къахуэщхьэпэн Іуэху куэдкІэ гъэнщІауэ щытащ зэхьхьэр. Абыхэм ящыщщ Бардол Карл (США), Новожилов Сергей, Глаголевэ Верэ (Урысей) сымэ ирагъэкІуэкІа мастер-классхэр.

Сочэ щыІа ялэ дунейпсо кинофестивалыр дыгъэгъазэм и 15-м зэхуащІыжащ. КІэух Іыхьэр ирагъэкІуэкІащ актёр Манучаров Вячеславрэ ВВС телеканалым и лэжьакІуэ Мадерэ Касиерэ. А махуэм Бардош Карл и «Нажир Пуджа», Гречевский Борис и «Тантрическая симфония», Хьэмокъуэ Олег и «Антигона» фильмхэр ягъэльэгуащ.

УФ-м щыхь зиІэ и сурэтыщІ КІыщ Мухьэдин фестивалым и нагъыщэ хъуа и Іэдакъэщ Іэкі сурэтыр Бэлагъы Любэ тыгъэ хуищІащ.

ЗэІущІм и кІэухым фестивалым бжьыпэр щызыубыдахэр къагъэнэІуащ.

Оператор нэхъыфІу къалъытащ «Гозо» фильмыр (Великобритание - Мальтэ, 2015 гъэ) тезыха Стил Джордж. Сценарий нэхъыфІ дыдэм и саугъэтыр «Коробка» кинофильмыр (УФ, 2015 гъэ) тезыха Бордуков Эдуард ираташ. ЦІыхухъу ролыр нэхъыфІу зыгъэзэщІар Амиров Александр и «Тэли и Толи» кинофильмым (Урысей-Куржы, 2016 гъэ) щыджэгуахэу Кавсадзе Кахирэ Омаев Дагунрэщ. «ЦІыхубз роль нэхъыфІ» унэтІыныгъэм пашэ щыхьэуар Камизоно Кодзи и «Шелест листьев Юзуу»-м (Японие, 2016 гъэ) хэта Мацубарэ Чекощ.

Режиссёр нэхъыфІым и саугъэтыр «Лето замёрзших фонтанов» фильмыр (Куржы-Урысей, 2016 гъэ) тезыха Бурдули Вано хуагъэфэщащ. Жюрим и саугъэт щхьэхуэр «Божество Дьёсегёй» (Якутие, 2015 гъэ) фильмым и режиссёр Потапов Сергей лъагъэсащ.

Фестивалым и Гран-при саугъэтыр Бордуков Эдуард и «Коробка» фильмым кьыхьащ. SIFA-м и саугъэтыр зратар Мёрфи Мейв и «Подводя итоги» кинофильмыр (Великобритание, 2015 гъэ).

Прессэм и саугъэтыр Бильжо Антон и «Рыба-мечта» (2016 гъэ) фильмым (Урысей-Эстоние), хуагъэфэщащ.

Апхуэдэуи унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ нэгъуэщІ актёр, режиссёр куэд щагъэлъэпІащ пшыхьым.

- Лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, Британиемрэ Урысей Федерацэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр егъэфІэкІуэным дэ тхуэзэфІэкІ хэтлъхьащ, - жиІащ Бэлагъы Любэ, пшыхьым и кІэухым кьыщыпсалъэм. - Гран-при къэзыхьа «Коробка» фильмыр тезыха гупыр етІанэгъэ Лондон щыІэну «Урысей кином и тхьэмахуэм» хэтыну дгъэкІуэнущ.

Илъэс къэс ирагъэкІуэкІыну я мурад кинофестивалым хэтыну гукъыдэж зыщІэхэм иджы щыщІэдэзауэ зыхуагъэхьэзыр хъунущ.

**ХЬЭЦІЫКІУ Ларисэ.**
*Сочэ къалэ*

# Пашэхэр мащІэу къызэтоувыІэ

● Футбол

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатыр нэхъри къызэщІэлъэ зэпытщ. Ар къыхэкІащ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъ «Звезда»-м щыщ **«Къэхъуныымрэ» блэкІа джэгуэгъуэм я хьэрхуэрэгъуэр зэрыщыхамыгъэщІэфам**.**

ТХЬЭМАХУЭ илэкІэ «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупым очкоитІ фІигъэкІуадащ мы зэхьэзэхуэм щрагъэкІуэкІа пэщІэдзэ зэІущІыблими щытекІуа къалащхьэм и «Звезда»-м. Иджы ардыдэр абыхэм иращІащ пашэм ГъунэгъуэдыдэзыхуэзыщІа «Къэхъуныым». ЗэІущІтІри зэрытемыгъэкІуаУ, 1:1-уэ, иухащ.

ЩэбэткІуам «Къэхъуныым» очкоитІ зэрыфІэкІуэдар зыщІэ «Звезда»-м и футболистхэр хущІэкъуэкъэм я бжьыпэр кьыщІэлъыкІуэ махуэм ягъэбыдэну. Арщхьэкіэ Бахъсэн и «Автозапчасть»-м апхуэдэ Іэмал къаритакъым. Абыхэми я зэпэщІэтыныгъэм нэхъ лъэщыр щызэхэгъэкІа хуэкъым.

Ялэ увыпІитІыр зыІыгъ командэхэм хэщІыныгъэ зэрагъуэтар къытхэсэбэпащ «Школ №31-РусГидро»-м. «Спарта»-р бжьыгъэшхуэкІэ хигъащІэри, ар пашэхэм гъунэгъу дыдэ яхуэхъужащ.

Турнир таблицэм и лъабжьэми зэрызехьар щынэхъ гуащІэжщ. Иужь дыдэ увыпІэр зыІыгъ «Спартак-Налшык-2000»-р «ЛогоВАЗ»-м бжьыгъэшхуэкІэ текІуащ икІи бабугентдэсхэр нэхъ лъэхъшэ дыдэу ирагъэкІуэтэхащ. Абыхэм хуэдиз очко иІэу аращ Налшык и «Спартак»-ми.

Адэкіэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым иужьу щызэхэта зэІущІэхэм къикІуа бжьыгъэхэм: **«Спартак-Налшык-2000»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **4:1**, **«Спартак»** (Налшык) - **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **2:3**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Звезда»** (Налшык) - **1:1**, **«ГорИс-179 Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **1:0**, **«Мурбек»** (Налшык) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **1:1**, **«Къулькъужын-Тэрч»** (Къулькъужын) - **«Ансар»** (Налшык) - **3:2**, **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **«Къэхъуныр»** (Къэхъуныр) - **1:1**, **«Школ №31-РусГидро»** (Налшык) - **«Спарта»** (Налшык) - **5:1**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2016/2017 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Звезда» | 9 | 7 | 2 | 0 | 23-7 | 23 |
| 2. «Къэхъун» | 9 | 7 | 1 | 1 | 11-4 | 22 |
| 3. «Школ №31-РусГидро» | 9 | 7 | 0 | 2 | 20-6 | 21 |
| 4. «Велес» | 9 | 5 | 2 | 2 | 16-8 | 17 |
| 5. «Мурбек» | 9 | 5 | 1 | 3 | 12-11 | 16 |
| 6. «Спартак-Налшык-Д» | 8 | 4 | 3 | 1 | 12-5 | 15 |
| 7. «Союз-Сэрмакъ» | 9 | 4 | 3 | 2 | 19-15 | 15 |
| 8. «Къулькъужын-Тэрч» | 9 | 4 | 1 | 4 | 16-13 | 13 |
| 9. «Спарта» | 9 | 4 | 0 | 5 | 17-18 | 12 |
| 10.«Автозапчасть» | 9 | 3 | 2 | 4 | 9-13 | 11 |
| 11.«Ансар» | 9 | 3 | 1 | 5 | 14-21 | 10 |
| 12.«ГорИс-Кавказкабель» | 9 | 2 | 3 | 4 | 11-18 | 9 |
| 13.«Шагъдий» | 9 | 2 | 0 | 7 | 10-17 | 6 |
| 14.« Спартак-Налшык-2000» | 8 | 1 | 1 | 6 | 7-12 | 4 |
| 15.«Спартак» | 9 | 1 | 1 | 7 | 9-18 | 4 |
| 16.«ЛогоВАЗ» | 9 | 1 | 1 | 7 | 11-31 | 4 |

● Гу зылъытапхъэ

# Инджылызыбзэр зэвгъэщІэну фыхуеймэ

**Илъэс 30-кІэ Америкэм щылэжьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хуиту фыттхэу, фыкъеджэну икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.**

**Ар ядолажьэ:**

**- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;**

**- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.**

**Курсым зезыгъэтхъэр тхъэмахуэм щэ къекІуэлІэнущ, тхъэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Ялэ дерсыр пщІэншэу щытынущ.**

**Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жьэкіэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и ялэ къуэдзэ), **Жылаго Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

**Езыгъэтхаэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлажьэныжмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэзекІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъыц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Къумахуэ Аслъэн**, *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я ДэлэпкъуэгъуэгъуэмкІэ* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.670 ● Заказ №47**